ФИФ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ГЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№22 (23.836) ● 2019 гъэм мазаем (февралым) и 26, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# Къалэ ухуэкІэмкІэ хабзэр зэрагъэзащІэм теухуа зэІущІэ

**КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м и Правительствэм и лэжьакІуэхэр, республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэр хэту иригъэкІуэкІащ къалэуэхуэ лэжьыгъэм теухуа законодательствэр зэрагъэзащІэм щыхэплъа зэІущІэ.**

ЗЫТЕПСЭЛЪЫХЬА Іэухухэм ятеухуауэ абы докладхэр щащІащ КЪБР-м ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр Къуныжь Вячеслав, КЪБР-м ухуэныгъэмрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министрым и къуэдзэ - КЪБР-м и архитектор нэхъыщхьэ Унэжокъуэ Астемыр сымэ.

Нобэм ирихьэлІэу, щыжаІащ зэІущІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ къалэ округхэм, къуалэ, къуажэ жылагъуэхэм ящыщу процент 96-м щІигъум адэкІэ зэрызажьыну я генеральнэ планхэр къащтащ. Къалэуэхэ лэжьыгъэм пыщІа полномочие псори иратащ республикэм и къэрал властым и органхэм.

Апхуэдэу щыт пэтми, язныкъуэ жылагъуэхэм нобэм къыздэсым яІэкъым хьэблэщІэхэм я транспорт, социальнэ, коммунальнэ инфраструктурэм зэгъэуІуауэ зегъэужьыныкІэ фІэкІыпІэ зимыІэ программэхэр.

КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм ткІийуэ къиГъэуващ къалэухуэ, псэупІэ, архитектурэ законодательствэм щыубыхуэ мардэхэр текІ имыІэу зэрагъэзащІапхъэр, муниципальнэ кІэлъыплъыныгъэр тэмэму егъэкІуэкІын зэрыхуейр, ухуэныгъэхэр, абыхэм фэтэр куэд хъу унэхэри яхэту, ирагъэкІуэкІын папщІэ щы Іыхьэхэр щыхухахкІэ мыхъумыщІагъэхэр къагъэхъу зэрымыхъунур.

«Министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципальнэ щІыналъэхэм я унафэщІхэм ящыщу къалэухуэ политикэр пхыГъэкІыныр зи пщэ илъхэм я къалэнщ къагъэлъэгъуа мыхъумыщІагъэхэр гъэзэкІуэжыным ерыщу елэжьыну», - къыхиГъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Казбек.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапи Іэ.***



*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

## Хэкум и хъумакІуэм и махуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпІащ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек удз гъэгъахэр трилъхьащ «Щыхьым и мафІэ мыужьхыж» мемориалым

**Хэкум и хъумакІуэм и махуэм «Щыхьым и мафІэ мыужьхыжь» мемориалым Налшык щыщ цІыхуищэхэр къекІуэлІащ хэкІуэдахэм пщІэшхуэ зэрыхуащІым и фэеплъу.**

ЗАУЭМ, лэжьыгъэм я ветеранхэм, властым законхэр къыдэзыгъэкІ и органхэмрэ гъэзэщІакІуэ Іэнатіэхэмрэ я унафэщІхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лЫкІуэхэм, школакІуэхэм ящыгъуу обелиск удз гъэгъахэр тралъхьащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбекрэ КЪБР-м къеГъащІыпІе федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Ткачёв Евгенийрэ.

Хэкум и хъумакІуэм и махуэм теухуа гуфІэгъуэ Іуэхухэр щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалэ, район псоми.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапи Іэ***

# КІуэкІуэ Казбек хэтащ армеец ныбжьыщІэхэм я щІыналъэ слётыр къыщызэІуахым

**Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгуапІэм дыгъуасэ къыщызэІуахащ армеец ныбжьыщІэхэм я урысейпсо жылагъуэ зэщІэхъеенигъэм и IV щІыналъэ слётыр. Абы ирихьэлІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджакІуэ ныбжьыщІэу 100-м щІигъу зэщІэхъеенигъэм хатегъэхащ.**

ГУФІЭГЪУЭ дауэдапщэм хэтащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ **КІуэкІуэ Казбек**, КЪБР-м кЕгъэзащІыпІе федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Ткачёв Евгений**, КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, КЪБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щалэгъуалэм я ІэхухэмкІэ и министр **Къумыкъу Іэуес**, Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз** сымэ.

Слётыр къыщызэІуахым ирихьэлІэу къызэрагъэпэщащ иджырей Іэщэ-фащэмрэ техникэмрэ, «Къалэ дыгъафІэ» сабий академием и «Кванториум» технопаркым сабийхэм щагъэхьэзыра лэжьыгъэхэр, апхуэдэу ТекІуэныгъэ иным теухуа стендхэр щагъэлъагъуэ выставкэ.

ФІэхъус псалъэхэмкІэ слётым хэтхэм захуигъазэри, республикэм и унафэщІыр абыхэм Хэкум и хъумакІуэм и махуэмкІэ екъуэхъуащ икІи дэтхэнэри егупуу еджэну, зыхуигъэувыжа мурадхэм ерыщу хущІэкъуну къыхуриджащ.

«Фэ фи тхьэрыІуэм хэтщ Хэкум сытым дежи фыхуэпэжу фызэрыщытынур. Армеец ныбжьыщІэм и цІэ лъапІэр вгъэпэж. Шэч къытесхьэркъым япэ ита нэхъыжьхэм я Іуэху гъэзэджэхэр фэ адэкІэ зэрывгъэкІуэтэнум. Дэ сытым дежи дигу илъын хуейщ ди адэхэм яхэлъа лЫхъужьыгъэр икІи Хэкур фІыуэ лъагъуным, пэжыгъэ, пщІэм хуэгъэзауэ абыхэм къытхуагъэна хабзэ лъапІэхэр тхъумэну икІи дгъэбзэгъуну ди къалэнщ», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхукІащ къэралым и тхьэдэмрэ щэнхабзэмрэ пщІэ хуэщІыным ныбжьыщІэхэр хуэзыгъасэ мы зэщІэхъеенигъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр. А мурадхэр зэгъэхъуІэнымкІэ сэбэп мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и армеец ныбжьыщІэхэр «Полк уахътыншэ», «Георгиевскэ ленті», «Ветераныр дэ тщІыгъуу мэпсэу» Іуэхухэм жыдэжру зэрыхэтыр.

ИужькІэ щІыналъэм и унафэщІым Налшык дэт курыт еджапІэ №2-м и 10-нэ классым щІэс Володинэ Дарье армеец ныбжьыщІэхэм я хахуагъэм и медалыр, республикэ зэщІэхъеенигъэм нэхъ жыджэру хэтхэм «Армэ ныбжьыщІэ» урысейпсо зэщІэхъеенигъэм и штаб нэхъыщхьэм и фІыщІэ тхьилъхэр яритыжащ.

Иджыпсту армеец ныбжьыщІэхэм я зэщІэхъеенигъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цІыху миниц хуэдиз къызэщІеубыдэ. Курыт еджапІэхэм абыхэм я отрядэ 78-рэ къыщызэрагъэпэщащ. Армеец ныбжьыщІэхэм я зэгухьэныгъэхэр муниципальнэ щІыналъэ псоми щыІэщ.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапи Іэ.***

## Нобэрэ пщэдейрэ

**Мазаем и 26, *гъубж***

**♦Кувейтыр хуит къыщащыжа махуэщ.** 1991 гъэм Иракым и дзэхэр а къэралым ирахужащ.

**♦1712 гъэм** Пётр Езанэм и унафэкІэ Тулэ къыщыщІэуІахащ Іэщэ къыщыщІагъэкІ завод. Ар Урысейм щыпІэ апхуэдэ Іуэхущ Іапи Іэт. Абы зиужьуэр Тулэ къыщыщІэ къэралым Іэщэ къыщыщІагъэкІ и къалэ нэхъыщхьэ хъущ.

**♦1714 гъэм** пщы лАкъуэм щыщхэм къызэрыгуэкІ сэлэту дзэм къулыкъу щамыщІамэ, офицер цІэр яфІэмыщыным теухуа унафэ къыдигъэкІащ Пётр Езанэм.

**♦1918 гъэм** Совет правительствэр Петроград икІри Москва Іэпхъуащ.

**♦1935 гъэм** Шотландием щыщ физик Уотсон-Уатт Роберт радар Іэмэпсымэщ Іэм и зэфІэкІкІыр здынэсыр кІыпщІащ. ЩІылъэми уэгуми абы «къыщиубыдыфырт» куэдкІэ пэжыжьэкъэр.

**♦1936 гъэм** Германием щызэпкъраль хьащ «Фольксваген» автомобиль лІэужьыгъуэщІэр. Куэдым ягу зэрырихьам, и уасэкІи зэрыгъэзэгъыраб гъуэм щхьэкІэ абы «цІыхубз автомобилкІэ» щоджэ а къэралым.

**♦1990 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ СССР-м и президент къулыкъур ягъэуващ.

**♦1990 гъэм** советыдзэхэр Чехословакием кърашыжу щІадзащ.

**♦1993 гъэм** «Урысейм и Аграрнэ парт» къызэрэпэщыным теухуа съездэ зэхэтащ.

**♦Франджы тхакІуэ цІэрыІуэ Гюго Виктор** къызэраль хуэр илъэс 217-рэ ирокъу.

**♦**Совет парт лэжьакІуэ, Ленин (Ульянов) Владимир и щхьэгъусэу щыта **Крупская Надеждэ** къызэралъхурэ илъэси 150-рэ ирокъу.

**♦2001 - 2006 гъэхэм** Израиль и премьер-министру щыта **Шарон Ариэль** (и унэцІэ дыдэр Шейнерманц) къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

**♦**Совет футболист цІэрыІуэу щыта, Москва и «Спартак» клубыр къызэзыгъэпэща **Старостин Николай** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

**♦**ТхакІуэ **Щауэ Къалидар** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

**♦**Актёр, РСФСР-м и цІыхубз артист **Жариков Евгений** къызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

**♦**Адыгэ сурэтыщІ, цІыхубз Іэпщ Іэлъапщ Іэ, Іуэрыл Іуэтэдж, РАХ-м и дипломант, Адыгэ Республикэм щыхьэзыІэ и художник **ГукІэ Замудин** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

**♦**КЪБР-м и Парламентым и депутат, Афганистаным щызэуахэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщІу щыта, къэрал дамыгъэ лъапІэ зыбжанэ зыхуагъэфэща **ТхьэгъэлэдЖ Тимур** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынкІэ, зэхуэдэ ТекІуэныгъэ иным теухуа стендхэр щагъэлъагъуэ выставкэ.

ФІэхъус псалъэхэмкІэ слётым хэтхэм захуигъазэри, республикэм и унафэщІыр абыхэм Хэкум и хъумакІуэм и махуэмкІэ екъуэхъуащ икІи дэтхэнэри егупуу еджэну, зыхуигъэувыжа мурадхэм ерыщу хущІэкъуну къыхуриджащ.

«Фэ фи тхьэрыІуэм хэтщ Хэкум сытым дежи фыхуэпэжу фызэрыщытынур. Армеец ныбжьыщІэм и цІэ лъапІэр вгъэпэж. Шэч къытесхьэркъым япэ ита нэхъыжьхэм я Іуэху гъэзэджэхэр фэ адэкІэ зэрывгъэкІуэтэнум. Дэ сытым дежи дигу илъын хуейщ ди адэхэм яхэлъа лЫхъужьыгъэр икІи Хэкур фІыуэ лъагъуным, пэжыгъэ, пщІэм хуэгъэзауэ абыхэм къытхуагъэна хабзэ лъапІэхэр тхъумэну икІи дгъэбзэгъуну ди къалэнщ», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэм.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщхьэхукІащ къэралым и тхьэдэмрэ щэнхабзэмрэ пщІэ хуэщІыным ныбжьыщІэхэр хуэзыгъасэ мы зэщІэхъеенигъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр. А мурадхэр зэгъэхъуІэнымкІэ сэбэп мэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и армеец ныбжьыщІэхэр «Полк уахътыншэ», «Георгиевскэ ленті», «Ветераныр дэ тщІыгъуу мэпсэу» Іуэхухэм жыдэжру зэрыхэтыр.

ИужькІэ щІыналъэм и унафэщІым Налшык дэт курыт еджапІэ №2-м и 10-нэ классым щІэс Володинэ Дарье армеец ныбжьыщІэхэм я хахуагъэм и медалыр, республикэ зэщІэхъеенигъэм нэхъ жыджэру хэтхэм «Армэ ныбжьыщІэ» урысейпсо зэщІэхъеенигъэм и штаб нэхъыщхьэм и фІыщІэ тхьилъхэр яритыжащ.

Иджыпсту армеец ныбжьыщІэхэм я зэщІэхъеенигъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу цІыху миниц хуэдиз къызэщІеубыдэ. Курыт еджапІэхэм абыхэм я отрядэ 78-рэ къыщызэрагъэпэщащ. Армеец ныбжьыщІэхэм я зэгухьэныгъэхэр муниципальнэ щІыналъэ псоми щыІэщ.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапи Іэ.***

**Мазаем и 27, *бэрэжьей***

**♦Правительствэм и нэІэ щІэмыт зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Мыщэ хужьым и дунейпсо махуэщ**

**♦Урысейм ЩытыкІэ хэхахэм деж къагъэсэбэп и къарухэм я махуэщ.** УФ-м и Президент Путин Владимир къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ ягъэуваУ 2015 гъэ лъандэрэ ягъэлъапІэ.

**♦Ингуш Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

**♦1411 гъэм** Шотландием хьыкъэ Сент-Эндрюс къалэм а къэралым щыяпэу университет къыщызэІуахащ.

**♦1598 гъэм** Годунов Борис Урысей къэралыгъуэм и пащтыкъу ягъэуващ.

**♦1693 гъэм** дунейм щыяпэу Лондон къыщыдэкІащ щІыхубзэм папщІэ журнал.

**♦1781 гъэм** пащтыкъ гуащэ Елизаветэ ЕтІуанэм Урысейм щІыкъу куэд зэкІуалІэ «къалэ еджапІэхэр» къыщызэІухьыным теухуа унафэ къыдигъэкІащ. Къэралым щІыхубзэм щІэныгъэ егъэгъуэтыныныкІэ и Іэнатіэр зэтеувэнэр абдеж къыщежьауэ къалъытэ.

**♦1879 гъэм** фошыгъум нэхъыр хуэдэ 400-кІэ нэхъ Іэфі ерыскъыгъуэр - сахариныр - къыщІагъэкІащ.

**♦1900 гъэм** Германием къыщызэрэпэщащ «Бавария» (Мюнхен) футбол клубыр.

**♦1943 гъэм** Матросов Александр нэмыцкэхэр къызэрыкІ быдапІэм зыІуидзащ икІи советыдзэхэр а щыпІэм блэкІыныжмкІэ Іэмал яритащ. Хахуагъэ къызэгъэлъагъуэу хэкІуэда Матросовым Совет Союзым и Лыхъужь цІэр фащауэ щытащ.

**♦1945 гъэм** Мэсей Асльэнджэрий Совет Союзым и Лыхъужь цІэр къыфІащащ.

**♦1964 гъэм** цІыхухэм псы щІагъэм зэрызыщагъэпэлъыхь, тенджызхэм я лъащІэр хъхэутэнм къыщагъэсэбэп япэ аппаратыр - мезоскафыр - Атлантикэ хым трауТІыпщхьащ.

**♦1965 гъэм** совет Ан-22 («Антей») къхъхьлъатэр япэу уэгум ихьащ.

**♦**Италием щыщ оперэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ **Карузо Энрико** къызэралъхурэ илъэси 146-рэ ирокъу.

**♦**Урыс дзэ кхъухьлъатэзэхэу Іэзэ **Нестеров Пётр** къызэралъхурэ илъэси 132-рэ ирокъу.

**♦**Совет осетин тхакІуэ, литературэдж, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Джусойты Нафи** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу.

**♦**Инджылыз-америкэ киноактрисэ, «Оскар» саугъэтыр щэнейрэ зыхуагъэфэща **Тейлор Элизабет** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокъу.

**♦**Шэрджэс сурэтыщІ **Мэзкъуэкъ Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

**♦**УэрэджыІакІуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубз артист, КЪБР-м щІыхь зиІэ и артист **Гъэт Хъусин** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

**♦**Совет уэрэджыІакІуэ, Эстонием щІыхь зиІэ и артисткэ **Вески Анне** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

**♦**Актрисэ, режиссёр, УФ-м и цІыхубз артистка **Догилевэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

**♦**Шапсыгъ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и вице-президент **КІэкІыкъу Мэжид** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

**♦**Къэрал лэжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ **КъумпІыл Мурат** и ныбжьыр илъэс 46-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ, къеІэхкъесу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 5 - 7, жэщым щыІэр 1 градус щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Дэрбэзрым ущытхъумэ, бзыхьэхуэм джанэ къыпхухех.**

## Дзэлыкъуэ районыр къыззрыззрагъэпэщрэ илъэс 95-рэ зэрырикъум къыхэкІыу абы исхэм КЪБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ Казбек зэрехьуэхъуар

Ныбжьэгъу лъапІэхэ!

Си гуапэу сынывохьуэхъу гуфІэгъуэ пІалъэмкІэ - Дзэлыкъуэ районыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 95-рэ зэрырикъуамкІэ.

ЩІыналъэр зэрызэтеувар, абы зэрызиужьар къыгуэхыпІэ имыІэу пыщІащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и тхыдэм. БлэкІа илъэсипщІкъм къириубыдэу абы щІыхь зыпылъ гъэуганэшхуэ къызэпичащ, экономикэ, социальнэ, щэнхабзэ зыужьныныгъэм ехьэлІауэ ехъулІэныгъэ инхэр къихьащ. Нобэ ар зыхуэбгъэдэн щымыІэ щІыуэпс хъугъуэфІыгъуэхэр, мэкъумэш, турист-рекреацэ, щІэныгъэ зэфІэкІхэр зыбгъэдэлъ районщ. Ауэ хъугъуэфІыгъуэ псоми я нэхъыщхьэ дыдэр щІыналъэм и цІыху гъуэзэджэхэзу лэжьыгъэкІэ ерыщхэрщ, Іэкіуэлъакіуэхэрщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм и напэкІуэцІ хьэлэмэтхэр хэзытхахэрщ, зи цІэм республикэр иригушхуэхэрщ. Иджырей зэман мытынщми Дзэлыкъуэ щІыналъэм щыпсэухэм нэхъыжьхэм къагъэна хабзэ хьэлэмэтхэм пащэ, езыхэм яхуэфащэн лэжьыгъэкІэ дыщалъхуа республикэм и социально-экономикэ зыужьныныгъэм хэтщ.

Я зэфІэкІкІыр нэхъри ягъэбагъуэурэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм я зэкъуэш унагъуэ зэкъуэтым хэту Дзэлыкъуэ районым и цІыхухэр экономикэ, социальнэ зыужьныныгъэм и лъагапІэхэм дяпэкІи зэрыхуэкІуэнум шэч къытесхьэркъым.

Мы махуэ гъуэзэджэм псоми сынывохьуэхъу узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, насып, есфІэкІуэныгъэ фиІэну.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу щызэблэгъэкІыным пэщІэтынымкІэ комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу щызэблэгъэкІыным пэщІэтынымкІэ комиссэм хэтхэр къэщтэн мы Указым и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къару ямыІэжу къэлъытэн:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу щызэблэгъэкІыным пэщІэтынымкІэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №101-УГ-м и пункт 1-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу щызэблэгъэкІыным пэщІэтынымкІэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №101-УГ-мрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу щызэблэгъэкІыным пэщІэтынымкІэ комиссэу а Указым ипкъ иткІэ хащтамрэ зэхуэкІынигъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2015 гъэм фокІадзм и 7-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №124-УГ-м и пункт 1-м и «б» пункт къуэдзэм.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу щызэблэгъэкІыным пэщІэтынымкІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэщ Іэм и Іуэхукіэ» 2015 гъэм фокІадзм и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №137-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу щызэблэгъэкІыным пэщІэтынымкІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэщ Іэм и Іуэхукіэ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №101-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2015 гъэм фокІадзм и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №137-УГ-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу щызэблэгъэкІыным пэщІэтынымкІэ комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэщ Іэм и Іуэхукіэ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкІа Указ №101-УГ-мкІэ къищтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Указ №111-УГ-м.

3. Мы Указым къуэгу ягъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2019 гъэм мазаем и18-м*
*№8-УГ*

***Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2019 гъэм мазаем и 18-м къыдигъэкІа Указ №8-УГ-мкІэ къищтащ***

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Промышленностым и продукцэр хабзэм къемызэгъыу щызэблэгъэкІыным пэщІэтынымкІэ комиссэм хэтхэр

**КІуэкІуэ К. В.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэр *(Комиссэм и тхьэмадэщ)*

**Мусуков А. ТІ.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іэр *(Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Ромашкин И. К.** - къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэр *(Комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

**Абдулхаликов Р. З.** - Ветеринар, фитосанитар кІэлъыплъныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапи Іэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэмрэ щыІэм и унафэщІ

**Ахматов А. Хь.** - Узыншагъэр хъумэныкІэ Іэнатіэм щыкІэлъыплъныгъэмкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапи Іэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и Унафэщ Іэр

**Іэхъуэбэч Щ. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ статумкІэ и министр *(Комиссэм и аппаратым и унафэщІщ)*

**Башиев А. И.** - Бдзэжьей ещэныкІэ федеральнэ агентствэм и КъуэдзэпІэ-Каспий управленэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и псы биологие ресурсхэр хъумэным кІэлъыплъныкІэ и къудамэм и унафэщІр

**Бесчокъуэ А. Ш.** Минераловодскэ таможнэм и Къэбэрдей-Балъкъэр таможнэ постым и унафэщІр

**Воронин С. В.** - Урысей Федерацэм ШынагъуэншагъэмкІэ и федеральнэ къулыкъущ Іапи Іэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІр

**Говоров С. А.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іэм и япэ къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр

**Гуэбэщ ыкІ А. Ю.** - НалогхэмкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапи Іэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІр

**Егоровэ Т. Б.** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іэр

**Мамбэт А. Хь.** - Техническэ зэблэгъэкІыныгъэмрэ метеорологиемкІэ федеральнэ агентствэм и Ипщэ щІыналъэ зэхуаку управленэм Ипщэ федеральнэ округымрэ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округымрэ хыхьэ республикэхэм яхуэгъэза къэрал кІэлъыплъныгъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ и къудамэм и унафэщІм и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

**Пагуэ Ж. А.** - ЩэхуакІуэхэм я хуитыныгъэмрэ цІыхум и зэІузэпэщ псэукІэмрэ я Іэнатіэхэм щыкІэлъыплъныныкІэ федеральнэ къулыкъущ Іапи Іэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІр

**Пщышэ Къ. Хь.** - Федеральнэ антимонопольнэ къулыкъущ Іапи Іэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІр *(зэгурыІуауэ)*

**Ткачёв Е. А.** - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лЫкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къеГъащІыпІе и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр.

## Республикэм щыщІохуабжьэ цІыхухэм я псэукІэр езыгъэфІэкІуэну Іуэхущ Іапи Іэхэр ухуэныр

**«Физкультурэмрэ спортымрэ зеГъэужьыныгъэ» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Дзэлыкъуэкъуажэ поселкэм щаухуэу узыншагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ комплексыщІэ.**

МЕТР зэбгъуэзнатІэ мины 2-м щІигъу хъу есыпІэ зыхэт а иджырей Іуэхущ Іапи Іэр щызэрыт илъэсым къуримбыдэу къызэІуахынущ.

«Къуажэ щІыналъэхэм зэпІэзэрыту зегъэужьыныр» федеральнэ программэ хэхам ипкъ иткІэ Щэджэм районым хыхьэ Нартан къуажэм къыщагъэжьащ цІыху 400 зыщІэхуэн щэнхабзэмкІэ унэ. 2020 гъэм ирихьэлІэу хьэзыр ящІыну а ухуэныгъэм сом мелуан 96-рэ текІуэдэнущ.

***КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапи Іэ.***

**2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэ щыналъэхэм щыIэ псэупIэм хиубыдэ 1 метр зэбгъузэнатIэм ику ит и рынок уасэу къуажэхэм щыпсэу цIыхухэм, абыхэм унагъащIэхэмрэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ яхэту, псэупIэ щаухуэкIэ (къыщащэхукIэ) социальнэ дэIепыкъуныгъэу иратынур къыщабжкIэ къагъэсэбэпым и IуэхукIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2019 гъэм мазаем и 14-м*** ***Налшык къалэ*** ***№17-ПП***

«2013 - 2020 гъэхэм мэкъумэш хозяйствэм зегъэужьынымрэ мэкъумэш продукцэм, сырьем, ерыскъыпхъэхэм я рынокыр зэблагъэкIыныныкIэ къэрал программэм и IуэхукIэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2012 гъэм бадзэуэгъуэм и 14-м къыдигъэкIа унафэ №717-м, «2019 гъэм и япэ кварталым Урысей Федерацэм и субъектхэм щыIэ псэупIэхэм хиубыдэ зы метр зэбгъузэнатIэм ику ит и рынок уасэр зыхуэдизым теухуауэ» Урысей Федерацэм и ПсэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министерствэм 2018 гъэм дыгъэгъаззэм и 19-м къыдигъэкIа унафэ №822/пр-м япкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. 2019 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къуажэ щыналъэхэм щыIэ псэупIэм хиубыдэ 1 метр зэбгъузэнатIэм ику ит и рынок уасэр сом 25000-рэ хъууэ гъэувын, къуажэхэм щыпсэу цIыхухэм, абыхэм унагъащIэхэмрэ IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэмрэ яхэту, псэупIэ щаухуэкIэ (къыщащэхукIэ) социальнэ дэIепыкъуныгъэу иратынур къыщабжкIэ къагъэсэбэпын папщIэ.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ**
**МУСУКОВ Алий**

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьын» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и IуэхукIэкIэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

***2019 гъэм мазаем и 14-м*** ***Налшык къалэ*** ***№18-ПП***

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьын» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм халъхьэ зэхъуэкIыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ**
**МУСУКОВ Алий**

**1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым къыщихьа теКIуэныгъэм цIыху мелуанхэм я псэр щIатащ. Абыхэм ящыщ куэдым я унэцIэхэр нобэр къыздэсым тщIэркъым, ахэр яхэхуащ «ямыцIыху сэлэт» гупышхуэм. Апхуэдэ совет къхъухьлатэзехуэщ си тхыгъэр зытетухуар. Ар хэтат Псынабэ къуажэм бее 1942 гъэм и ныщхьэуIу мазэм уафэгум щекIуэкIауэ щыта зэхэуэ гуащIэм. Бийм и къхъухьлатэмрэ дыдеймрэ яку дэлъа зэпэщIэуэныгъэм щыхэкIуэдащ совет къхъухьлатэзехуэр.**

КЪЭХЪУНРЭ Псынабэрэ ящыщ цIыху куэд кIэлIыплъауэ щытыр а хьэуэ зэуэм. Къэхъун щыпсэуа нэхъыжьыфI Жэмыхъуэ Щыхьырбий куэдрэ тепсэлъыхьыжу щытащ и нэгу щIэкIа а гуэвэгъуэм. «Къэхъун къуажэкIэм, Къардэнэх я щIыхьэм и гъунэгъуу дыщыджэгурт а махуэм хьэблэ щIалэ цIыкIухэр, адэ къиIукI кхъухьлатэ ву макъ шынагъуэхэр щызыхэтхам щыгъуэ, - игу къиГъэкIыжырт Щыхьырбий. - Уафэгум дыдэплъейкъ, Май щIынальэмкIэ къикIыу дольагъу ди кхъухьлатэ зыбжанэ: бомбэзехьэу тхурэ истребителитIрэ. Ахэр Къэхъуныпсым щхьэщIылъэтыкIауэ Псынабэ хуэкIуэрт, Чёрная Речкэ къуажэмкIэ къикI нэмыцэ истребителу тIу адэкIэ къыщыщыкъуэкIам щыгъуэ». Жэмыхъуэм жиIэжу зэрыщытамкIэ, абдеж уафэгум зауэшхуэ къыщыхъеящ. Бомбэзехьэхэм ягъэзэжат, истребителхэр зэхэуэрт. Абыхэм ящыщу тIур Псыкуэдкlэ зэрыхьащ, адрей къэнаитIыр гуащIэу ззэауэрт, зэ зыр, зэ адрейр ищхьэмкIэ къыщыхутэу. Асыхьэтым ди къхъухьлатэм мафIэ къыщIэнащ икIи зауэ пIьахъыщ хъууэ хуежьэри, Псынабэ дежкIэ щекIуэхэщ.

Псынабэдэсхэм ящыщ куэдри кIэлIыплъащ а зауэм. Гуаплъащ Iэ Анзор, Еро-къуэ Мухьэмэд, ШэкIыхьащIэ Георгий, Сэншокъуэ Бэбий, Инарокъуэ Мухьэдин, Балъкъэр Быт, Архэт Жэмалдин сымэ щIалэ ныбжьыщIэ цIыкIут абы щыгъуэ, арщхьакIэ я нэгум куэдрэ щIэтащ а теплъэгъуэ шынагъуэхэр. Зыльэгъуахэм зэрайэтэжымкIэ, кхъухьлатэм мафIэ къыщIэна нэужь, Iугъуэ фIыщIэ Iуэ пIьэужьыщхъэ ищIу къуажэм къыхухэкIуэу хуежьащ. Ар псэуалъэхэм къызэрытехэунур наIуэ дыдэт, арщхьакIэ иужьрей дакъикъэм кхъухьлатэм пIьэныкъуэкIэ ззуэ зидзри, къуажэ щIыбымкIэ щехуэхащ, Псынэхум и псыхьэмкIэ хуэззу, Щэрэджыпсым пэмыжыжьэу. ТIэкIу дэкIа нэужь, а щIэпIэм къыщхьэщыпхъэщ адрей ди истребителыр. Абы кхъухьлатэ къуам и хъуреягъыр тIэунейра къыпIэтыхьри игъэззакащ.

Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, кхъухьлатэзехуэр иджыри псэут, и машинэм мафIэ кIырадзауэ къыщехуэхым. Абы хулъэкIащ кхъухьлатэр къуажэм нимыгъэсу и гъунэм деж къыщигъэуэн. Апхуэдэу имыщIу кхъухьлатэр жьлэм къыщехуэхамэ, езым нэмыщI хэкIуэдэнут къуажэдэсхэм ящыщ куэдри.

Кхъухьлатэр кхъызерехуэкIу, а щIыпIэм зэрыхьащ къуажэдэсхэм ящыщ куэд. Аэр нэмыс щIыкIэ абдеж кхъыщыуащ абы илъа лагъымхэр, шэхэр.

Псори зэтесабырэжа нэужь, цIыхухэр гъунэгъуу бгъэдыхьащ кхъухьлатэм. Абы кхъэнэжа щIыпIэкъым. Гъунэгъуу щыпIэ си псэр зыта совет зауэлIри. Ар кхъухьлатэр къыщыуэм къридзагъэнут.

Псынабэдэс Теувэ Хьэзрит жиIэжу зэрыщытамкIэ, цIыхухэр кхъухьлатэ къраудыхам щыхуэжьэм, абыхэм ялъэщIыхьащ зы автомобиль, зауэлI фащэкIэ хуэпа цIыхуитI ису. А щIыпIэм нэхъ псынщIэIуэу уэзрынэсыфыным ахэр щыщIэупщIэм, Хьэзрит яжриIащ ар зэрариГъэлъагъуфынур. ЩIалэ цIыкIур кхъыздащIэри ахэр ежьэжащ. Райвоенкоматым щыщ къулыкъущIэхэт ахэр. Машинэр щIыпIэм зэрыпэсу, ахэр кхъухьлатэзехуэм бгъэдыхьащ икIи абы и жыпым кхрахащ дэфтэр гуэрхэмрэ кIэрахъуэмрэ. Ахэр дэ дагъэлъэгъуакъым, ауэ жаIэу зэхэтхащ къраудыха зауэлIым и щхьэ зыщIыкIа. Ар Литвинов гуэрт, Чыкъалэ щыщу. Абыхэм я унафэкIэ Литвиновым и хьэдэр къраудыха кхъухьлатэм пэмыжыжьэу щIалъхьауэ щытащ.

Псыкуэдкlэ зэрыхьауэ щыта адрей истребителитIым я хьыбар хьихутащ къухъуэр къуажэм щыщ, зэкъупсэ нэс Гулэжьин Беслъэн. Абы зэрыжиIэмкIэ, ди кхъухьлатэгъэ къыщраудыхащ. Май щIынальэм икIи иса зауэлIым и хьэдэр Александровская станицэм щыщIалъхьащ.

Махуэм махуэ къыкIэлъыкIуэрэ зэманыр кIуащ, гъэхэр блэлъэтащ. Зауэ нэужьым зыгуэрхэр лъыхъуащ Литвиновым и благъэхэм, Iыхьлыхэм, арщхьакIэ а къэлъыхъэныгъэхэм зыри къыкIакъым. Аузрэ ужьыхыжащ а Iухум теухуа псори. Зэман-зэманкIэрэ жылэм къыдэхъуэрт а къэхъукъащIэм епха хьыбар гуэр. Кхъухьлатэ къутам и пкъыгъуэ гуэрхэр къыпхърыхых щыIэт. Хэти ахэр къэхъукъащIэм и фэеплъу зэрихьэрт, адрейхэми зэрыхуейуэ къагъэсэбэпырт. Шыд Темлъостэн жиIэжырт кхъухьлатэм къыпкъриха подшипникхэр ирихьэлIэуэрэ самокат зэпкърилъхьауэ зэрыщытар. Шакъэ Мурадинрэ Мухьэдрэ Псынэхум зыщагъэпскIрэ пэт, ирихьэлIат кхъухьлатэм и дамэм, абы щыщ къыгаудри я унэ къахьауэ щытащ.

Кхъухьлатэм кхъэна къутахуэр ноби щIэлъщ а щIыпIэм, абдеж кхъыщIанащ дымыцIыху зауэлI хахуэм и хьэдэри. Мы сурэтым щыфIытащ фэеплIыр, Хэку зауэшхуэм хэкIуэда е хъыбарыншэу кIуэда ди къуажэгъуэхэм яхуэгъэпсар, 2015 гъэм ди жылэм къыщыщIэзэIутхым, кхъухэтлъхьауэ щытащ а кхъухьлатэзехуэмэ ы фэеплъ пхъэбгъу хуэгъэувын хуейуэ. ЕтхьэлIэн мылъку зэрыщымIэм кхъэхIыу зэкIэ ар тхулъэкIакъым, ауэ а мурадыр диIэщ. А совет зауэлI хахуэм хуэфащэ дыдэщ апхуэдэ пшIэ, сыту жыпIэмэ ди жылэдэсхэм ящыщ куэдым я псэр, я IапсэР ихъуащ, кхъухьлатэр лъэныкъуэкIэ щригъэхуэхуэфри. Абы и псэр итащ ди республикэр, кхъэралыр бийм щихъумэу.

**ТЕУВЭ Анзиет,**
*Псынабэ къуажэ администрацэм и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ.*

● Жыжьэ - гъунэгъу

● Бахъсэн район

# ЗэфIагъэкIар къапщытэж

**Бахъсэн муниципальнэ районым и Iэтащхьэ Сэбан Руслан иригъэкIуэкIащ щIыпIэ самоуправленэм и 25-нэ зэхуэсыр.**

ЗэIущIэм хэтащ Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Балъкъыз Артур**, КъБР-м и Парламентым ЗаконодательствэмкIэ, къэрал ухуэкIэмрэ щIыпIэ унафэхэр зехьэныжьмкIэ и комитетым и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис**, Бахъсэн районым и прокурор **Башорэ Аслъэн**, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, къуажэ администрацэхэм я Iэтащхьэхэр, нэгъуэщIхэри.

Балъкъыз Артур тепсэлъыхьащ 2018 гъэм Бахъсэн районым и экономикэ, социальнэ зыужьныгъэм ехьэлIауэ щрагъэкIуэкIа къурикIуам, апхуэдэуи 2019 гъэм гулъытэ зыхуащIынум. Ар къытеувыIащ цIыхухэм я улахуэр зыхуэдам, бюджетыр зэрагъэзащIам, мэкъумэш, ухуэныгъэ, псэупIэ-коммуналнэ IэнатIэхэм щызэфIагъэкI лэжьыгъэм.

- Мы гъэм ди мурадщ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм тIысыпIэ 300 щIэту Щэнхабзэмкlэ унэ щыдухуэну, Псыкlэху къуажэм дэт фэтэр куэду зэхэт унэм (Лениным и уэрам, 16) IэдзсхэР къащIэдгъэIэпэхъукIыну. 2019 гъэр тыншу щытыну къащIэкIынкъым, - къыхиГъэщащ Балъкъыз.

ЗэIущIэм къащыпсэлъащ Кременчуг-Константиновкэ къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Коваленкэ Леонидрэ** Псыкlэху щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчимирэ**.

Бахъсэн районым и щIыпIэ самоуправленэм и советым и лъжьыгъэм щытепсэлъыхьым, **Сэбан Руслан** къыхигъэщащ депутатхэр зыхуэза цIыхухэм нэхъыбэрэ къаIэта Iуэхур псыр тэмэму зэрамыгъэуэм зэрепхар, псэуныгъэм теухуауэ гугъуехь хэхуахэр дэIепыкъуныгъэ хуэныкъуэу зыкъыщыхуагъэзаи щыIэщ.

ЗэIущIэм щыхэплъащ республикэм и къэрал мыльку щыт, сабийхэр къыззырашэкI автобусиц районым ей зэращынум, псэупIэ зэрыхуэныкъуэр къэзыгъэлъагъуэ метр зэбгъузэнатIэр зыхуэздизынур гъэбелджылыным, нэгъуэщIхэми.

Мэлбахъуэ Борис жиIащ Бахъсэн районым и къэрал Iэхъущ щIапхэр зыхэт гугъуехьхэр КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм нэхъапэIэкIэ къызэрыщIэтар. Абы къыхигъэщащ зыдэIэпыкъупхъэ цIыхухэм унагъуэхэм я дэфтэрхэр ягъэхьэзыру республикэм и къэрал программэхэм хагъэхьэн Iуэху зэрахуэн зэрыхуейр.

ЗэIущIэм тыгъэ зэхуэмыдэхэр щратыжащ районым и лэжьакIуэ пажэхэм.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

# Псынабэ и уэзгум щекIуэкIа зауэ

КъэхъунрэПсынабэрэ ящыщ цIыху куэд кIэлIыплъауэ щытыр а хьэуэ зэуэм. Къэхъун щыпсэуа нэхъыжьыфI Жэмыхъуэ Щыхьырбий куэдрэ тепсэлъыхьыжу щытащ и нэгу щIэкIа а гуэвэгъуэм. «Къэхъун къуажэкIэм, Къардэнэх я щIыхьэм и гъунэгъуу дыщыджэгурт а махуэм хьэблэ щIалэ цIыкIухэр, адэ къиIукI кхъухьлатэ ву макъ шынагъуэхэр щызыхэтхам щыгъуэ, - игу къиГъэкIыжырт Щыхьырбий. - Уафэгум дыдэплъейкъ, Май щIынальэмкIэ къикIыу дольагъу ди кхъухьлатэ зыбжанэ: бомбэзехьэу тхурэ истребителитIрэ. Ахэр Къэхъуныпсым щхьэщIылъэтыкIауэ Псынабэ хуэкIуэрт, Чёрная Речкэ къуажэмкIэ къикI нэмыцэ истребителу тIу адэкIэ къыщыщыкъуэкIам щыгъуэ». Жэмыхъуэм жиIэжу зэрыщытамкIэ, абдеж уафэгум зауэшхуэ къыщыхъеящ. Бомбэзехьэхэм ягъэзэжат, истребителхэр зэхэуэрт. Абыхэм ящыщу тIур Псыкуэдкlэ зэрыхьащ, адрей къэнаитIыр гуащIэу ззэауэрт, зэ зыр, зэ адрейр ищхьэмкIэ къыщыхутэу. Асыхьэтым ди кхъухьлатэм мафIэ къыщIэнащ икIи зауэ пIьахъыщ хъууэ хуежьэри, Псынабэ дежкIэ щекIуэхэщ.

Псынабэдэсхэм ящыщ куэдри кIэлIыплъащ а зауэм. Гуаплъащ Iэ Анзор, Еро-къуэ Мухьэмэд, Шэкlыхьащlэ Георгий, Сэншокъуэ Бэбий, Инарокъуэ Мухьэдин, Балъкъэр Быт, Архэт Жэмалдин сымэ щIалэ ныбжьыщIэ цIыкIут абы щыгъуэ, арщхьакIэ я нэгум куэдрэ щIэтащ а теплъэгъуэ шынагъуэхэр. Зыльэгъуахэм зэрайэтэжымкIэ, кхъухьлатэм мафIэ къыщIэна нэужь, Iугъуэ фIыщIэ Iуэ пIьэужьыщхъэ ищIу къуажэм къыхухэкIуэу хуежьащ. Ар псэуалъэхэм къызэрытехэунур наIуэ дыдэт, арщхьакIэ иужьрей дакъикъэм кхъухьлатэм пIьэныкъуэкIэ ззуэ зидзри, къуажэ щIыбымкIэ щехуэхащ, Псынэхум и псыхьэмкIэ хуэззу, Щэрэджыпсым пэмыжыжьэу. ТIэкIу дэкIа нэужь, а щIэпIэм къыщхьэщыпхъэщ адрей ди истребителыр. Абы кхъухьлатэ къуам и хъуреягъыр тIэунейра къыпIэтыхьри игъэззакащ.

Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, кхъухьлатэзехуэр иджыри псэут, и машинэм мафIэ кIырадзауэ къыщехуэхым. Абы хулъэкIащ кхъухьлатэр къуажэм нимыгъэсу и гъунэм деж къыщигъэуэн. Апхуэдэу имыщIу кхъухьлатэр жьлэм къыщехуэхамэ, езым нэмыщI хэкIуэдэнут къуажэдэсхэм ящыщ куэди.

Кхъухьлатэр кхъызерехуэкIу, а щIыпIэм зэрыхьащ къуажэдэсхэм ящыщ куэд. Аэр нэмыс щIыкIэ абдеж кхъыщыуащ абы илъа лагъымхэр, шэхэр.

Псори зэтесабырэжа нэужь, цIыхухэр гъунэгъуу бгъэдыхьащ кхъухьлатэм. Абы кхъэнэжа щIыпIэкъым. Гъунэгъуу щыпIэ си псэр зыта совет зауэлIри. Ар кхъухьлатэр къыщыуэм къридзагъэнут.

Псынабэдэс Теувэ Хьэзрит жиIэжу зэрыщытамкIэ, цIыхухэр кхъухьлатэ къраудыхам щыхуэжьэм, абыхэм ялъэщIыхьащ зы автомобиль, зауэлI фащэкIэ хуэпа цIыхуитI ису. А щIыпIэм нэхъ псынщIэIуэу уэзрынэсыфыным ахэр щыщIэупщIэм, Хьэзрит яжриIащ ар зэрариГъэлъагъуфынур. ЩIалэ цIыкIур кхъыздащIэри ахэр ежьэжащ. Райвоенкоматым щыщ къулыкъущIэхэт ахэр. Машинэр щIыпIэм зэрыпэсу, ахэр кхъухьлатэзехуэм бгъэдыхьащ икIи абы и жыпым кхрахащ дэфтэр гуэрхэмрэ кIэрахъуэмрэ. Ахэр дэ дагъэлъэгъуакъым, ауэ жаIэу зэхэтхащ къраудыха зауэлIым и щхьэ зыщIыкIа. Ар Литвинов гуэрт, Чыкъалэ щыщу. Абыхэм я унафэкIэ Литвиновым и хьэдэр къраудыха кхъухьлатэм пэмыжыжьэу щIалъхьауэ щытащ.

Псыкуэдкlэ зэрыхьауэ щыта адрей истребителитIым я хьыбар хьихутащ къухъуэр къуажэм щыщ, зэкъупсэ нэс Гулэжьин Беслъэн. Абы зэрыжиIэмкIэ, ди кхъухьлатэгъэ къыщраудыхащ. Май щIынальэм икIи иса зауэлIым и хьэдэр Александровская станицэм щыщIалъхьащ.

Махуэм махуэ къыкIэлъыкIуэрэ зэманыр кIуащ, гъэхэр блэлъэтащ. Зауэ нэужьым зыгуэрхэр лъыхъуащ Литвиновым и благъэхэм, Iыхьлыхэм, арщхьакIэ а къэлъыхъэныгъэхэм зыри къыкIакъым. Аузрэ ужьыхыжащ а Iухум теухуа псори. Зэман-зэманкIэрэ жылэм къыдэхъуэрт а къэхъукъащIэм епха хьыбар гуэр. Кхъухьлатэ къутам и пкъыгъуэ гуэрхэр къыпхърыхых щыIэт. Хэти ахэр къэхъукъащIэм и фэеплъу зэрихьэрт, адрейхэми зэрыхуейуэ къагъэсэбэпырт. Шыд Темлъостэн жиIэжырт кхъухьлатэм къыпкъриха подшипникхэр ирихьэлIэуэрэ самокат зэпкърилъхьауэ зэрыщытар. Шакъэ Мурадинрэ Мухьэдрэ Псынэхум зыщагъэпскIрэ пэт, ирихьэлIат кхъухьлатэм и дамэм, абы щыщ къыгаудри я унэ къахьауэ щытащ.

Кхъухьлатэм кхъэна къутахуэр ноби щIэлъщ а щIыпIэм, абдеж кхъыщIанащ дымыцIыху зауэлI хахуэм и хьэдэри. Мы сурэтым щыфIытащ фэеплIыр, Хэку зауэшхуэм хэкIуэда е хъыбарыншэу кIуэда ди къуажэгъуэхэм яхуэгъэпсар, 2015 гъэм ди жылэм къыщыщIэзэIутхым, кхъухэтлъхьауэ щытащ а кхъухьлатэзехуэмэ ы фэеплъ пхъэбгъу хуэгъэувын хуейуэ. ЕтхьэлIэн мылъку зэрыщымIэм кхъэхIыу зэкIэ ар тхулъэкIакъым, ауэ а мурадыр диIэщ. А совет зауэлI хахуэм хуэфащэ дыдэщ апхуэдэ пшIэ, сыту жыпIэмэ ди жылэдэсхэм ящыщ куэдым я псэр, я IапсэР ихъуащ, кхъухьлатэр лъэныкъуэкIэ щригъэхуэхуэфри. Абы и псэр итащ ди республикэр, кхъэралыр бийм щихъумэу.

**ТЕУВЭ Анзиет,**
*Псынабэ къуажэ администрацэм и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ.*

# Залым и фIыгъэкIэ

● КъэхъукъащIэхэр

**Нэгъабэ жэпуэгъуэм и 22-м и пщэдджыжьым, сыхьэти 7-м къэхъуащ мы Iуэхур. Къэбэрдей-Балъкъэрым мафIэсым пэщIэткъегъэлакIуэ и къулыкъущIапIэм и къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Тэрчокъуэ Залым лэжьакIуэ кIуэну зигъэхьэзырыр я фэтэрыбжэм зэкIэлъитигъэпIащIэу зыгуэр къыщытеуIуам. Бжэр Iуихмэ, я подъездым щыпсэум къыжреIэ къабгъурыт фэтэрым и щхьэгъубжэм Iугъуэ къызэрыдихур.**

ЗАЛЫМ и гъунэгъум и бжэм тоуIуэ, абы щыпсэу цIыхубзым и цIэр жиIэурэ. Дакъикъит нэхъ дэмыкIыу Г. бжэр къыIуихащ, къэхъуар къыгурымыIуэу: абы гу льитэххатэкъым и къуэ В. щыжеIэ пэшыр Iугъуэм зэрызэщIищтам. Тэрчокъуэр фэтэрым щыхьэщ, Iуэхур зыутыр псынщIэу зэпилъытри, мафIэс хъумакIуэм хъыбар иригъэщIащ, езыр я деж щIэльэджщ, напэIэпльэщIыр псэф ищIщ, и щхьэм трипхъуэри пэшым щIэльэджащ, балконымкIэ хэлъ щхьэгъубжэм и форточкэр Iуихри.

- Пэшыр Iугъуэм зэщIищтати, абы ещIэгъуэ щытыну Iэмал къызитакъым,- жеIэ Залым. - Зыри пIьафъуртэкъым. Ауэ пэшым щIэт унэльащIэ здащIытым сыщыкIуэзэти, хэзмбыIуу гъуэльапIэм сыбгъэдыхьэри сызсIэбэрэхьу щIэздзащ. Зы дакъикъэм къззгъуэтащ В. икIи и Iэм сеIусащ. Абы щэIун щидзащ. Аргуэру щыхьэпIэмкIэ сыкIуэщ, жьы къабзэкIэ сыбгъэри пэшым згъэззжащ. В. гъуэльапIэм къисхри шынагъуэншэ щIыпIэмкIэ схьащ, лъынтхэум сытеIэбащ. Ар зэрыпсэур къасщIэри, мафIэм и ин шэкум пэгункIэ псы текIэн щIэздзащ. Абы ирихьэлIэу мафIэр къыщыхъуам къэсащ Налшык къалэм и мафIэсгъэункIыфI-къегъэлакIуэ часть №91-м и плъыр къэрэгъул гупитI. Абыхэм лей зытехьар «ДэIепыкъуэгъу псынщIэм» и дохутыр гупым иратри, мафIэр ягъэункIыфIащ.

Залым апхуэдэу ехьэжьауэ зыри имыщIауэ, атIэ и къэлэн игъэззащIауэ аращ жызыIэни щыIэщ. Ауэ ар щоуэ. Япэрауэ, Залым плъыр къэрэгъулым щыгъуэ мафIэр игъэункIыфIыну кIуэркъым, абы и къалэныр нэгъуэщIщи. ЕтIуанэрауэ, абы, унэм щыпсэу адрейхэми хуэдэу, мафIэсгъэункIыфIхэр къриджэу, адэкIэ кхъэхунум пэплъэну щыт хъунут.

Кхъыхэдгъэщынщи Залым я нэхъыщIэщ Тэрчокъуэхэ ящыщу мафIэсым пэщIэтхэм. Абы и адэ Арсен, тIысыжауэ зызыгъэпсэху полковникыр, республикэм мафIэсым пэщIэтыныжьмкIэ и Iэнатlэм хуэIэижь, хабзэрэ цIыхугъэрэ зыхъэль Тэрчокъуэ Залым. Мис апхуэдэхэрщ щIэблэм щапхъэ яхуэхъур.

**УАРДЭ Жантинэ.**

● Хъуэхъу

## Налшык къалэдэсхэу Щомахуэхэ Мухьэмэдрэ Риммэрэ зэрызэдэпсэурэ мазаем и 24-м илъэс 50 ирикъуащ

Пщlэ зыхуэтщI, фIыуэ тлъагъу ди нэхъыжьыфI Iумахуэхэу ди адэ, тхьэмадэ, щыкъуадэ, адэшхуэ щыпкъэ, ди анэ, гуащэ, щыкъуанэ, анэшхуэ гумащIэ!

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжрэ, хабзэрэ нэмысрэ щызэекIуэ, зи мафIэр мыужьых унагъуэ лъэшым фрихъумакIуэщи, фызиплъыр жьэгур уардэ унэу, фи Iэнэгум берычэтыр щытепщэу, хьэщIэ етIысхьапIэрэ унаплI махуэу, фызэкъуэту, гъащIэм гу щыфхуэрэ абы и Iэфыгъэ псори зыхъфщIэу, фи быным, абыхэм къащIэхъуэ фи щIэблэм я насыпым, екъулIэныгъэхэм фригушхуэу куэдрэ дапэ Тхьэм фригъэт! Дахагъэмрэ гуапагъэмрэ фи Iэпэгъуу, илъэс 50 хъуауэ фыкъыззэдгъуэгурыкIуэри, фи пщIэр лъагэрэ фи псэр кьабзэу, фи цIыхугъэ инымрэ нэмыс лъагэмрэ кIэрымыхуу гъащIэшхуэ къэвгъэщIэну, псэр зыщIэхъуэпс, насыпу кьалъытэ псомкIи Тхьэр хъыфхуэупсэну ди гуапэщ.

***Фи къуэхэр, фи пхъур, фи нысэхэр, фи малъхъэр, фи къуэрылъху-пхъурылъхъэхэр.***

# Пажэхэр утыку йохьэ

**Налшык дэт гимназие №13-нэм щекIуэкIащ къэфакIуэ гупхэм я зэпеуэ. Абыхэм ягъэззэщIащ классикэ, цIыхубэ, лъэпкъ къафэхэр.**

«фIЭХЪУС АПЩИЙ, дунеишхуэ!» фIэщыгъэм щIэту яубла урысейпсо зэхьэзэхуэм щыщу къалэм щекIуэкIа зэпеуэм хэтащ Налшык и еджапIэ псори. Я ныбжь елъытауэ ахэр псори гупи 4 ягъэщат.

МахуитI зэкIэлъыкIуэкIэ зэхэта Iуэхум илъэси 7 - 9 ныбжьым итхэм я деж бжьыпэр щаубыдащ гимназие №14-м, курыт еджапIэ №32-м, сабий творчествэмкIэ «Эрудит» центрым. Илъэси 10-13 хъуахэм ящыщу зэхьэзэхуэм щытекIуащ курыт школ №10-м, №28-м, гимназие №13-м, прогимназие №70-м я гъэсэнхэр. Илъэс 14-16 зи ныбжьхэм я зэпеуэм фIым я фIыжу зыкъыщагъэльэгъуащ курыт школ №7-м, №10-м, №27-м щеджэхэм. Илъэс 17-18 ирикъуа ныбжьыщIэхэм я зэпеуэм щытекIуащ ЦО №1-м и ансамблыр. Ахэр ирагъэблагъэнущ республикэ зэпеуэм хэтыну.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# ЛIыгъэм и тхьэмахуэ

● Полицэ

**Урысей МВД-м Тэрч районымкIэ и къудамэм зыщаплъыхьащ, абы и унафэщIхэм яхуэзащ Тэрч къалэм и курыт еджапIэхэм я 3 - 4-нэ классхэм щIэсхэм**

«НЕДЕЛЯ мужества» Iуэхум хыхьэу ирагъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ къудамэм и унафэщI полицэм и полковник **Кърымыкъуэ Заур**, ОМВД-м дэлажьэ Жылагъуэ советым и лIыкIуэ **Хьэрылъху Ахьмэд**.

НыбжьыщIэхэм ирагъэлъэгъуащ Iэщэр зэрызэпкъралъхьэ-зэрызэпкърахыр, плъыр автотранспортыр, абы и сигнал щхьэхуэхэмрэ ину уэзрыпсалъэ Iэмэпсымэхэмрэ.

Жылагъуэ советым и лIыкIуэр сабийхэм яхутепсэлъыхьащ Хэкум и хьэмакIуэм и махуэм и тхыдэм, къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ Iэнатlэхэм къулыкъу щызыщIэнухэр къызэращтэ щIыкIэм теухуауэ. А упщIэхэм я республикэм и къэрал мыльку щыт, сабийхэр къызэрырашэкI автобусиц районым ей зэращынум, псэупIэ зэрыхуэныкъуэр къэзыгъэлъагъуэ метр зэбгъузэнатIэр зыхуэздизынур гъэбелджылыным, нэгъуэщIхэми.

Мэлбахъуэ Борис жиIащ Бахъсэн районым и къэрал Iэхъущ щIапхэр зыхэт гугъуехьхэр КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм нэхъапэIэкIэ къызэрыщIэтар. Абы къыхигъэщащ зыдэIэпыкъупхъэ цIыхухэм унагъуэхэм я дэфтэрхэр ягъэхьэзыру республикэм и къэрал программэхэм хагъэхьэн Iуэху зэрахуэн зэрыхуейр.

ЗэIущIэм тыгъэ зэхуэмыдэхэр щратыжащ районым и лэжьакIуэ пажэхэм.

**ЧЫЛАР Аринэ.**

# Си гъащIэ - си уэрэд!

● ХъыбарегъащIэ

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хъыбар фегъащIэ гъатхэпэм и 5-м сыхьэт 12-м КъБР-м ЩIэнхабзэмкIэ и фондым «Жизнь моя - песня моя!» фIэщыгъэм щIэт уэрэджьаIэкIуэ ныбжьыщIэхэм я республикэ зэпеуэ зэрыщыIэнумкIэ. Ар хуэгъэпсащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ Зумакуловэ Танзиля и ныбжьыр илъэс 85-рэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Къэшэж Иннэ зэрыщIэзыгъэхуэр илъэс 75-рэ зэрырикъуащ.

Зэпеуэм теухуа хабзэм КъБР-м и Жылагъуэ палатэм Интернетым щиIэ сайтым зыщыхэзгъэгъуаз хъунущ.

# Лыгъэ зэхэгъэкIыпIэ

● Лъэпкъ Іуэху

## Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и «Ажал гъуэгу» тхыдэ романым теухуауэ

**Цыху щхьэхуэми ещхьу, дэтхэнэ лъэпкъми балигъыпIэ иIэжщ. Зыри пщIэншэу къыздытемыхьэ дунейм абы адрейхэм къахэщу щиубыд увыпIэр нэхъ Іупщу, нэхъ гугъьэзагъэу щилъагъуж, жэуаплныгъэ къытехуэр гум нэсу щызыхихщIэ ныбжь. Адыгэм и блэкIам урилпъэмэ, лъэпкъыр зэрызыгъэубыд щхьэ къэIэтыгъуэ нэхъ хэIэтыкIауэ ди ялэ итахэм ди нэгум къыщIанащ иджыпсту тIэщIэлъ Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и романыщIэр зытеухуа Къэнжал зауэр.**

### Бзэм и дахэмрэ тхыдэм и пэжымрэ

СЫТ «Хэку» жыдэзыгъэIэр? ЦIыхури зи бзэ мыпсалъэ псоущхьари гъащIэм къыщыхьхьа, нэхъ зэса, зыхуей нэхъ щыхуэзэ щIыналъэм лъыкIи гукIи епхауэ къоКIуэкI сыт щыгъуи. Тхыдэ гъунэгъуми жыжьэми урилпъэмэ, зы бзэ зыIурылъ цIыху бжыгъэщхуэр лъэпкъ хъун-мыхъунр ар зытепсэукI щы кIапэм къыхуэпабгъэхэм зэрабгъэдэта, зэрапэщIэта щыкIэм елъытауэ къыщIокI. «Тхыдэ» хъужри щыналъэ щхьэхуэхэр щызэпаубыда зауэзэрылIхэм кърикIуа зэхъуэкIыныгъэхэракъэ?! Лъэпкъ мыхъуу къэралыгъуэ хъуфа зэрыщыIэм хуэдэ кхабзэу, къэралыгъуэ уардэу замыIэтами, тхыдэм кхыззэрыхэнэн къарурэ зэфIэкIрэ кхызыкIуэзыхьфа лъэпкъхэри щыIэщ.

Къэнжал Іуащхьэр адыгэхэм я Троящ. Европей щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэ къалъытэ «Илиадэмрэ» «Одиссеемрэ» гъуэгу езыта а зауэ цIэрыIуэм ещхьу, кърым хъанхэмрэ адыгэпщхэмрэ фIэгъэнапIэ яхуэхъуа щхьэусыгъуэри зи щIыхьыр ягъэпуда бзыльхъугъэм епхат. Алыджхэм я нысэр бийм къытрахыжьан папщIэ дэзышэу зэрагъэтэщу кхъуэ бжыгъэшхуэкIэ екъьахэмэ, адыгэхэр щагъэукIытар езыхэм я щIыналъэрати, шыпхъум кхыщхьэщыжа зэкъуэшхэм хъаныкъуэр Къэбэрдейм щаукIыжри, абы кхыкIэтлъыкIуа хъаныдзэм езыхэм я щIыналъэм щеэзуат.

Захуагъэмрэ текIуэныгъэмрэ зэIэпэгъу щыхъум дежщ Гомер хуэдэ уэрэдусхэм жьэ щагъуэтыр. Троя зауэр зэрыщыIам алыджхэр дунейм зэрытетыр ягъэIуну Iэмал къарита къудейкъым, я тхыдэмэ я тхыбзэми лъабжьэ яхуэхъуа тхыгъэхэм дуней поср зэлъащIысауэ тхылъеджэхэм нобэми ныжэбэми я Iэфыр зэIэпах. Гурыльуэгъэщ Троя зауэм куэд зэрытетхыхьар, ауэ Гомер и тхыгъэитFращ езы тхыдэм кхыихари цIыхухэм ягу къинари.

ДызэплъэкIыжурэ ди нэгу къыщIэдгъэхьэ фIэкIа, нобэ дунейм зы адыгэ теткъым зэгуэр и хэкумрэ абы и цIыхубэмрэ зэуIуу илъэгъуауэ. Зэманым деклор лIыфIщ, итIани, щIырэ псырэ, хьэуарэ нэкурэ щымыщIэ къэкIыгъэм и лъабжьэр нэхъ быдэ зэрыхъум хуэдэ къабзэу, цIыхум къыдалъху фIыгъуэ псоми нэхъ тыншу зыщиуэзщIыр псэкIэ зэпха щIыпIэрщ. Абы кхыхэкIыу, Мэшбащ Iэ Исхьэкъ и романыщIэр, лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэкIэ уэзджэ хъун Къэнжал зауэр илъэс 310-рэ щрикъуа илъэсым кхыкIэрымыхуу хьэзыр хъуар, ди лъэпкъ гурыщIэр нэхъ куу зыщI Іузхуэгъуэу зэрыщыгъри щIыщытри наIуэу.

Шэч хэлъхъым Къэнжал Іуащхьэр лIыхъужь нэхъыщхьэу зыхэузвэн Іэдакъэщ Iкl куэд иджыри дунейм кхыззэрытехьэнум. Ауэ Толстой Лев и «Зауэмрэ мамырыгъэмрэ» ещхьу, «Ажал гъуэгур» «дэри дылъэпкъщ» жыдзэшIэлэ романщи, ар зи Іэдакъэщ Iкl тхьэмадэм и кхалэмыр иджыри куэдрэ лъэпкъым тхуэмахуэн Тхьэм ищI.

### Къалэмыпэкlэ къатlа псынэ

КЪЭБЭРДЕЙР, Кхуэхьэпlэ Шэрджэсейр, Урысейр, Кърымыр, Къалмыкъ хъаныгъуэр, Кърым хьIыгуныкъуэр - щыналъэ куэд кхыззIыдубыдэ иIэ жыжьэу зауэкъуэдий Мэшбащ Iэм и романыр щекIуэкI щIыпIэхэм. Безы зауэзэрылIыр зы жэщ-зы махуэм зэфIэкIа щхьэкIэ, ар кхъэшца щхьэусыгъуэзэр илъэс пщIы бжыгъэкIэ тхыдэм и гъуэжькуийм зэтрихьат. А Іуэхугъэзэм зэпщIа хъуа кхъэралхэр, пащтыхьыгъуэзэр, хъаныгъуэзэр щызэблокI романым и папжкIуэлхэм. Езым щыгъуазэ дызэрищIымкIэ, тхакIуэм къиГэщхьэпащ щIэныгъэлIэр журналисту цIыху 38-м я лэжьыгъэхэр. «Къалэмыпэкlэ псынэ куу кхъэстIым ещхьу, къарууэ збгъэдэлъымкIэ селIэлIащ тхыдэм и псынэпс псэхэлъхьэжыр кхъущхьэгъэудын папщIэ, - щетх Исхьэкъ романым и «КIэухым». - А зэманым псэуа цIыхухэм я гъащIэмрэ я кIуэдыжыкIэмрэ пэжу кхъэгъэлъэгъуэным зэрыслъэкIкIэ сыхущIэкъуащ, лIыхъужь кхъэгупсысахэм я дуней тетыкIэр хьIубарым хэзухуанэуэр». Романым и кIыхьаГыкIэ кхъэхуэвэ гуэдзэн щIыпIухэр ящIуэ жиIэм щIыхьэт тохъуэ. Тхыдэм щыщ нэрыбгэ гуэр, псалъэм папщIэ, Айшэ къалмыкъ хъанар, Карл XII швед пащтыхьыр, Пётр Езанэ урыс тепщэр, кхинэмыщIхэр гукъэкIыжжэм кхъщыхэувэм деж, тхакIуэм ахэр тхылъеджэм кхъригъэщIыхун, итIанэми «тегупсысыкIыу» романым щекIуэкI хъыбарыр абыхэм яримыгъэгъэлъэхъэн папщIэ, абыхэм ятеуха сатырхэр щхьэхуэу кхъех. А Іэмалым тхакIуэм и псалъэм къару лей кхъыщIелъхьэ, езым кхъызыфIигъэщIа гуэр сюжетым кхъхэувэми, зытепсэлъыхьым и лъагъуэм зэрытемыкIар ари фIэщ ищIу.

«Си Іэнэм Къэнжал Іуащхьэм кхытекIа зы мывэ телът, щIэх-щIэхьурэ зэпэсплъыхьу, - кхеЫутэж Исхьэкъ романым зэрелжьа щIыкIэр. - Абы Іуэхум сытригъэгушхуэ хуэдэу щыт щхьэкIэ, езыр щымт. Мывэхэм я хьэпщ ар. КъэхъукъащIэхэри езы мывэхэри щымыIэжхам хуэдэу, щыму лIэщIыгъуэхэм я щхьэлIыр ягъэлажьэ, псори зэманым и сабэм храгъэхьэжэу. Ауэ зэманыр цIыхугум, лъэпкъым и гум кхъыщIэзтонэ. Псом хуэмыдэу, абы, Къэнжал зауэм ещхьу, лIыхъужьыгъэмрэ лIыгъэмрэ епха щапхъэхэр щцихэтым деж».

### Адыгэ цIыхубэр Къэнжал зауэм и зэманым

РОМАНЫМ и сюжетыр зауэр щекIуэкIа 1708 гъэм хуоэз. Нэгъабэ хуэдэм Менгли-Джэрий дзэшхуэ дэщIыгъуу Къэбэрдейм къагъэкIуат, Къаночкъуэхэ я пхъум и Іыхьлыхэр кхъущхьэщыжу яукла Шэхьбаз-Джэрий иль ищIэжым, Бгитху Іэгъуэблагъэм иІэпхъукIыу Бахьсэн псыхъуэм зыщщIэзыубгъуа адыгэхэр я пIэ иригъэтIысхьэжым унафэр кхьихри. Ауэ и тутын лулэр я пщы уэлийм и щхьэфэм кхытезыунэщIа хьаным зрагъэщIыхужат адыгэхэм: кърым «хьэщIэхэм» ящыщу щхьэж иригъэблэгъар иукIыжыну зэгуры Іуэхэри, Менгли-Джэрий и псэр пыт къудейуэт Кърымым зэрекIуэлIэжар. Иджы адыгэхэм я нэ вагъуэхэр яригъэлъагъужыну къежьэр езы хъан Къаплъэн-Джэрийт.

«Къэбэрдейр дэтхэнэ гъунэгъуми и гурыIупсыр кхъэзыгъажэ щIыналъэт», - гурыIуэгъуэ ещI Мэшбащ Iэм адыгэхэм я щIыналъэ цIыкIур щIызэпаубыда щхьэусыгъуэр. ТхакIуэр зэрелпъымкIэ, бийхэми ахэр хэкум кхъэшыз лъэпощхьэпохэми захъуэж. Ауэ лъэпкъыр гуэзвэгъуэхэмыкI зыщIыр сыт жыпIэмэ, ар адыгэпщхэм я хьэл мыхъумыщIэ зызымыхъуэжхэрщ. «Гурыльуэгъуэщ зэгурыIуэныгъэ зэрымыпль унэр кхъэзрыхэтемынэур, абы кхъыхIыу кхъэбзэрдемпщхэм я зэныкъуэкъым нэгъуеидзэм кхъущIэна лъэпкъхэми, дагъыстэн шамхалхэми, кхалмыкъ хъанхэми я Іыхьэр зэрыхахыным хущIэкъухэрт. Ауэ псом нэхърэ нэхъ Іэзэу икIи нэхъ бзаджэу а пщы зэдауэм фейдэ хэзыхыр Кърымыр зи унафэ щIэт Тыркурат. Чингиз хъан кхытепщIыкIа Кърым хъаныгъуэм адыгэщIхэр езым ейуэ ильытэжырт».

Адыгэхэм кхъэзрытеуэнум Кърым хъанхэм зыхуагъэхьэзырыху, тхакIуэм цIыху бжыгъэшхуэ зыхэт романым и дэтхэнэ зы Іыхьэжьри кхыдегъэцIыху. Лъэпкъ унафэр зыIэщIэлъ цIыхушхуэщ Къэбэрдейм и пщы уэлий Хьэтlохъущокъуэ Кургъуокъуэ. Абы и чэнджэщгъуэ Къэзанокъуэ Жэбагъэ я зэманым и ныбжьыр зэрыхъур илъэс тIощIрэ тхурэт. Ашабэ Миншакъ, Шурдым Жанхъуэт, ЦIыпIынэ Хьэсанш, Быж Нэгъур, Дамдей сымэ адыгэпщым и лъэныкъуэкIэ кхыщыт акъылэгъу защIэу дегъэлъагъу тхакIуэм. Гупсысэхэр, уэршэрым зэрыхэувэ хьэлыр, кхиГэщхьэпэ псалъэхэр, пхигъэкIыну зыхущIэкъу Іуэху елпъыкIэр, ихъуреягъкIэ щекIуэкI къэхъукъащIэхэм зэрахущытыр - ахэращ дэтхэнэ тхакIуэми и Іыхьжьыр къуэригъэщIыхун Іэмэпсымэу иІэр. Мэшбащ Iэм Къэнжал зауэр зэрыплъагъур хуитныгъэмрэ дэкъуэзныгъэмрэ щызэпэщIэува зауэзэрылIуг, абы кхъэкIкIэ захуагъэм и дамыгъэу кхъилъытэ Кургъуокъуэ, Къаплъэн-Джэрий елъытауэ и къарур нэхъ мащIэми, езыр хъаным нэхърэ нэхъ гу щабэу кхъиззригъэлъэгъуэным иужь итщ. Пщым и цIыху щыкIэр нэхъ уи фIэщ зыщI пычыгъуэу романым кхъохуэ абы кхъапхъэным иубыда мыщэр зэрыригъэутIыпщыжыр. Мыщэ шырымрэ езым и бльгущIэтхэм кхъубыда мыщэ-анэмрэ ХьэтIохъущокъуэм езым и Іыхьэкъым щхьэщымыкI анэ-бын гуэзвэгъуэр игу кхъгъэкIыж. Абдежу кхъипфIощI адыгэ сабийжэр Кърымым ирагъэшэн Іуэхур кхъизэтрамыгъэувыIэу зэрымыхъунум теухуа унафэ быдэр игукIэ кхъущIэтр.

Кургъуокъуэ щIохъуэпс и лъэпкъыр зы унафэм щIигъэувэным, ауэ асихьэтым кхытехуэ кхалэныр игъэзащIэ фIэкIа, езыр а унафэр Іэщ Іэлъыным хуэпабгъэу кхъхэщIыкрхым романым. «Къэбэрдейри кхъралъгъэу хъуфынут, - жреIэ абы Къэзанокъуэ Жэбагъэ, - пщыхэм зэныкъуэкъун щагъэтамэ». Абы и елпъыкIэмкIэ, щхьэж и пагъгъыр, япэ итын гуращэр Іуимыгъэкlуэтмэ, лъэпкъыр зэрыубыдыфынукъым, зы унафэщ и жьауэ щIэувэн хуэдэу. «Уэ уэхъуфынут апхуэдэ тепщэI» - жреIэ Кургъуокъуэ зи щIалэгъуэ Жэбагъэм. Къэзанокъуэри пщым и акъылэгъущ лъэпкъыр зэрыубыдын зэрыхуеймкIэ, ауэ Мэшбащ Iэм и Кургъуокъуэм лъэпкъыр зы зыщIыфынкъуэу зи щIалэгъуэ Жэбагъэм. Къэзанокъуэри пщым и акъылэгъущ лъэпкъыр зэрыубыдыр зэрыхуеймкIэ, зы Мэшбащ Iэм и Кургъуокъуэм лъэпкъыр зы зыщIыфынкъуэу гуГущ. ИтIани, Мэшбащ Iэм Іэмал къегъуэт захуагъэр цIыхур къызыхэкIа лъэпкъым и закъуэ ехпауэ зэрыщымытыр утыку къищIыну. Дауэ ар абы кхъэзрехъулIэр? Романым щызэпэщIэт гупхэм - кърым лъэныкъуэмми, адыгэхэми, балъкъэрхэми - дэ щыдолъагъу кхъызыхэкIа лъэпкъым епщIыжа, абы и бийм Іуэхутхьэбзащ Iэ хуэхъуа цIыхухэр. Адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ я зэхуаку зэгурыIуэ дэмыльамэ, Кургъуокъуэ Урысбийхэ я хьэгъуэлIыгъуэм щыхьэщIэнт? Хьэмэрэ езы Урысбийхэ кхакъуэувэнт? Щапхъэхэм я нэхъ ІупщIщ гъэщIэгъуэныщщэу романым кхъхэувэ Абрэдж зэадзэзэкъуэр. Адэм кърымхэм я лъэныкъуэр иІыгъщ, кхуэр - Кургъуокъуэ и унафэм щIэтщ. Бзыльхъугъэхэм я гугъу пщIымэ, образ нэхъ гукъинэжхэм я зщщ Абрэдж Даур и анэ, пщы Бэлэтокъуэм и шыпхъу Къутас. Абы и щхьэгъусэу щыта, и лъэпкъым епцIыжа Мырзэбэч тхакIуэм «фIыцIабзэу» кхимыгъанэу, адыгэхэм текIуэныгъэр кхаIэрыхьа нэужь, и кхуэм «кхысхуэгъэгу» псалъэкIэ зыхуреГъэгъаззэ. Ауэ Даур ар адыгэкхъэм щыщIригъэлъхьэн идэркъым.

### ЛIыхъужь зызыхъуэжхэр

ЛИТЕРАТУРЭР тхыдэм Іэпэгъу щыхуэхъум деж кхъыщIэкIынщ дунейм кхъыщхьу псори цIыху хьэлым зэрелъытар кхъыщыбгурыIуэр. ТхакIуэм кхимыкIуэту романым щызэпэщIегъэувэ лъэпкъым, диным, хабзэм, дунейм тетым зэрыхуей щIыкIэм теухуауэ Іуэху елпъыкIэ зэхуэмыдэ зиІэ щIыхухэр. Езым иІыгъ лъэныкъуэр нэхъ игу ирихь адыгэлIэхэм ящыбольагъу. Гупыгэр нэхъ кхъэзмыуТIыпщ лIыхъужьу ромам хэтщ Бэлэтокъуэ Болэт. ЦIыху хэтыкIэкIэ узыIэпызышэ пщыр мэбэлэрыгъри, ищIэр кхъгурымыIуащхэрэ, бийм лъэмыж зэрыхузхъуар зыхещIэж. Мыр литературэбзэкIэ «хьэл зызыужь» жыхуаIэхэм хеубыдэ. «Сыт мы зэхэсщIыхьар? Си щхьэр кхъзгъэпцIэжри, зызгъэпудыжащ, захуэу Іуэхум сыхэкIи сфIэщIри. Сыхэт иджы сэ? Сыхьэщ Iэ? Сыгъэр? Хьэмэрэ и лъэпкъэгъуэхэм ебгъэрыкIуэж хъаным сришхьэхъумэ?» - а гупсысэхэр тхакIуэм зыбгъэдилъхьа Болэт асыхьэтым зыкъьещIэж, и гуэзэр кхъгъэдаIуэ, кхыбгъэдэт хъаным и зауэлIхэр зэтреукIэри кхъыщIопхъуэж. «Щыуами кхэгъэзаплIэ иІащ», - жыхуиІэ щыкIэу, тхакIуэм а зэхъуэкIыныгъэр Бэлэтокъуэм и образым ирепх.

ЛIыхъужь «фIыцIабзэхэм» ящыщщ тхакIуэм езы гъащIэм «псэууэ кхъыхиха» Бахунов Жафар-балъкъэрымрэ Блахъуэ ТотIрэш-адыгэмрэ. «Мы щыпIэхэр зэрыщыту кхъэбэрдейхэм балъкъэрхэм кхытраха я хъупIэхэращ», - кэмкIи Бахуновыр. «Сыт лъандэрэ ар балъкъэр хъупIэ зэрыхъуар? Псапэу Іуащхьэмахуэ лъапэ дэж фызэрыгъэтIысар фымыщIэжу, иджы дывгъэсэжыну фыхуежьауэ ара?», - пэроуэ абы Блахъуэр. А тIум язми я лъэныкъуэр езым зэримыIыгъым и щхьэту, тхакIуэм утыкум кхрешэ зэпэщIэтитIым я лъэпкъэгъу Іущхэр, пщIэрэ щхьэрэ зиІэхэр, акъыл узынщэ кхызыкъуэзыхэр.

Нэхъ нэгъэсауэ, нэхъ гукъинэжу, гъэщIэгъуэн кхудей мыхъуу, гум лъэІэсу кхъгъэлъэгъуа хуа лIыхъужьхэм ящщ Мачыхъу-дадэ. «Балъкъэр куэнщыбым дыхэкIыжынщ зэ», - жызыIэ Блахъуэм Мачыхъудадэ жэуап тKIий ирет. «УкIытэ жыхуаIэр пщIэжыркъым уэ, Блахъуэхэ я къуэ, - хуэгубжьащ абы Мачыхъу, щыхупIэм бгъэдэсу. Уэ абыхэм балъкъэр ерыскъы ядэбгуэша пэтрэ, иджы уогъэпудыж. Ахэр дэ тхуэдэ дыдэ цIыхущ».

Бийхэм гуэзгугъэльагъуэ захуищIу зыгъэгъуэща Сусанин Иван уигу кхъзыгъэкIыж Мачыхъу-дадэ кIуэцIыпIэ гу кхабзэм зэхуэщащ дуней ехьыжыгъуэм кхызыкъуиха и лIыгъэри.

ЛЪагъуныгъэ зыхэмыт романыр роман хъурэ сытми? Налмэсэр Мэремрэ, Сурэтрэ Нэкъаррэ зэрызэфIэкIуэдамрэ зэрызэрыгуэтыжьымрэ кхигъэльагъуэкIэрэ, тхакIуэм лъэпкъым и пщэдейрей махуэр ди нэгу кхыщIегъэувэ. Ауэ ипэжыпIэкIэ «лъагъуныгъэ мажьамэр» нэхъ дахэу кхызэхэГукIыр дэнэ дэж жыпIэмэ, ар иджыпсту зи гугъу тщIы Мачыхъу-дадэрэ «Мэлгъэшхэ япхъу» абы и щхьэгъусэмрэ ятеухуа сатыр зыбжанэрщ. «Зэхэпхрэ Мышыд тхьэмыщкIэр зэрыкъугъыр? - йопсалъэ Мачыхъу зи псэр хэкIауэ нэху кIеекIа и псэгъум. - Апхуэдэ дыдэу сэри си псэр пкIэлъокъугъ»... И Іэпэ кIэзызэкмкIэ ар телъэщIыхьащ и щхьэгъуэзм и щхьэр зытелъа щхьэнтэм. ИтIанэ и гуэзлъыпIэм бгъэдыхьэжщ, абы дэпщейщ, фочыр иуэздри, кърымыгъэблэгъа хьэщIэхэм ягъэплъэн щIидзащ».

### Къэнжал зауэрэ нобэмрэ

ТХЫДЭР роман щыхъужым деж, тхакIуэм и Іуэху елпъыкIэмрэ лъэпкъыр абы акъылэгъу дэхъун-дэмыхъунымрэ куэд елъытащ. Дауэ нобэрей адыгэхэр 1708 гъэм кхъэхуа а зауэзэрылIым дызэреплъыр? Сыт и лъабжьэр «Къэнжал зауэр илъэс 310-рэ ирикъуащ» щыжьIэм деж дызыгъэгуфIэ щхьэусыгъуэм? Гуэхэхуэшхэри тхыдэщ, гуэзвэгъэщхуэри тхыдэщ. Къэхъуари кхъщIари зымыщIэ адыгэ сабийм Къэнжал зауэм хилъэгъуэнур «дыдейхэр зэрытекIуаращ». «Си лъэпкъ, си хъэпс» жызыIэ нэхъ балигъыIуэм тхыдэм кхыхэщ а щапхъэ дахэм лъэпкъыр жэщ-махуэ имыIэу зыщIэхъуэпс плъапIэ лъагэм гугъэ хуищыныкIэ щIэгъэкъуэн лъэщ хуохъу.

Нобэрей кърым щIэныгъэлIхэм Къэнжал зауэр зэралъагъур благъагъкIэ зэпыщIа кърым хъанхэмрэ адыгэпщхэмрэ я зэхуаку кхыдззэрыхьа «Іуэху бгъэкIыуш». «Дигу къэдгъэкIыжьапхъэщ, - етх кърым-тэтэр тхыджэдж Абдулаевэ Гульнарэ, - адыгэхэр хъаныр зыхъумэ дзэм зэрыхэтар, къэралыгъуэм и унафэр зезыгъакIуэ Кърым диваным кхулыкъу лъагэ дыдэхэр щаIыгъуу зэрыщытар. Псом нэхъэр нэхъыщхьэраци - адыгэхэр Джэрий лIакъуэм и хъанкъуэ псоми я атэлыкъхэт».

Ауэ Къэнжал текIуэныгъэр мыхъуамэ, нобэрей кърымхэм ар щыжаIэн щхьэусыгъуэ яIэну пIэрэт? Сыт-тIэ адыгэщIэхэм къару кхъезытар 1708 гъэ пщIондэ зи унафэ ягъэзэщIа кърым хъанхэм япэщIувэну?

Ар Іупщ! дыдэу кхегъэльагъуэ урыс тхыдэтх Смирнов Владимир: «Адыгэпщхэр зэчэнджэщыжри, хъаным псалъэ хурагъэхьащ: «Апхуэдизэ пщылI бжыгъэ етт ди хабзэу щытами, ипэ зэманым хъанхэр илъэс пщыкIутхум - илъэс тIощIым зэ яхъужму арат. Иджы илъэс кхъэ хъаныщIэ трагъэувэу кхъаублащ. Дэнэ дэ абыхэм еттын апхуэдизэ сабий кхъздитхынур? Псом хуэмыдэу иджы! Адыгэ лъэпкъым и нэхъыбэр муслъымэн диным и жьауэ махуэм щIэувакIэщ. Зы кхъажи, зы хьэбли кхъэмынэу мэжджэытышхуэхэмрэ хьэблэ мэжджэытхэмрэ дэтщ, дин еджапIэхэр щолажьэ, нэмэз уахътитхур нэгъэсауэ щащI, ныбжьыщIэхэр щрагъаджэ. Шэрихьэтым кхъбыл ищIрэ муслъымэн диным тет лъэпкъыр джаур ныкъэкъуэгъуэм яхубгъадэу, гъэру бубыду уи пащхьэ кхребгъэщэну? Аныхъталэр апхуэдэ залымыгъэм арэзы техъуэну? Тхьэм щхьэкIэ, кхытхуэвгъэгъу, ауэ араща ди Іуэхур зыIутыр». Апхуэдэу тKIий жэуап ирагъэхьыжар».

Іэпкъльэпкъым и унафэр зыIэщIэлъ хабзэмрэ гум и зэфIэкIым гъуэгу езыт динымрэ зэхэмызэрыхьу кхъщIегъэлъагъуэ Мэшбащ Iэм и Іуэхум. И щхьэр техуэр гупсысэ нэхъыщхьэр жиIэну кхъытехуэрхъым тхакIуэм, ар зи кхалэныр тхылъеджэрщ. ИтIани, «Ажал гъуэгум» тхыдэри, хабзэри, гъащIэри кхъыщIегъэщхьэпэурэ, тхакIуэм гурыIуэгъуэ тщещI дэтхэнэ идее лъагэри, ар хабзэ е дин ирехъу, хуабжьу тепсэлъыхьым Іэщ Іэкlыу, зи гур кхабзэм нэхъ Іэрыхьэнкlэ зэрыхъунур. Мэшбащ Iэм а гупсысэр романым и иужьрей сатырхэм щегъэIу: «ЦIыкугъэр дэтхэнэ лъэпкъым зэрихьэ динми и лъабжьэщ».

**ЧЭРИМ Марианнэ.**



**Къэнжал зауэм и зы теплъэгъуэ.** *Сурэтыр* **Кlыщ Мухьэдин** *ищIащ. Испание, Кадиз, 2008 гъэ*

Фильмым щыщ теплъэгъуэ.

# «Амазонкэхэр»

● Гъуазджэ

**«Синдикэ» хъэщIэщым иджыблагъэ щагъэлъэгъуащ «Амазонкэхэр» фIэщыгъэм щIэту режиссёр Сэралъп Самарэ («1КЪБР» телеканалым и лэжьакIуэщ) триха фильмыр. Абы лъабжьэ хуэхъуар Ахъмэт МуIэед и IэдакъэщIэкI тхылъхэрщ.**

Сэралъп Самарэ

И ПЭР УМЫЩIЭМЭ, кIэри пщIэркъым. Пасэрей алыдж тхыдэджхэм я лэжьыгъэхэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, амазонкэхэр Алыджым (Грециием) нэхъ пэжыжьэ Понт Эксинскэ (тенджызэ ФыыцIэм) и Іуфэм щыпсэурт. Абы и гъунапкъхэр Каспий и ищхъэрэ-къуохьэпIэ Іуфэм (Дагъыстэн Ищхъэрэри хыхьэу) Гумэ, Тэрч псыхэм ябгъумкIэ ирикIуэу Къэбэрдейм къэсыху, Тэн (Дон), Индыл (Волгэ), тенджызэ фIыцIэм и ищхъэрэ лъэныкъуэм я къэгъэшыпIэхэм еуалIэрт. Амазонкэхэм тетхыхьа къэхутакIуэ, Урысейм и Географиемэ жылагъуэ гупым я действительнэ член Кольцов Иван къызэрихутамкIэ, абыхэм я къхащхьэ куэд Шэрэдж, Пэскин псыхэм я къуохьэпIэ лъэныкъуэхэмкIэ щыIэщ, Нартан (Кыдышбийхьблэ) и ипщэ-къуэкIыпIэм хуэзэу. Апхуэдэ къхэлъаэ Май кьалэм и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэм километр 16-кIэ пэжыжьэу къагъуэтащ. Нэмыщэ археолог Байен Фридрих 1878 - 1889 гъэхэм а щIыпIэхэм амазонкэхэм я хьэдащхьэ къыщIигъуэтыжауэ щыташ, абы-хэм я Іэщэ-фащэри, зэрызагъэщIэращIэ хьэпшыпхэри и гъусэжу.

- Амазонкэхэм ятеухуа тхыгъэхэми хъыбархэми иужьрей зэманым щIэпщIэ ин яIэ хъуад, - жеIэ фильмым и режиссёр Сэралъп Самарэ. - Сэри сащыщ а Іэхэр зысфIагъэщIагъуэнхэм. Іэхэм яужь сихьэн ипэ Ахъмэт МуIэед и «Адыгские амазонки», «Прогнавшие богов, или Амазонки» тхылъитIри щIэздзыкIащ, алыдж тхыдэджхэм я дафтэрхэм нэIуасэ захуэсщIащ, абыхэм ятеухуа фильмхэм сеплъащ. Творческэ гупым хэту къызэдэлжьащ ди телеканалым и оператор Хьэщыкъуей Мартинрэ монтажым и режиссёр Тохъусарэ Ларисэрэ. Фильмыр гъэмахуэ кIуам тетхащ. Ди республикэм и щIыналъэ псоми дыщыIащ, Псыхуабэ, Адыгей, Сочэ щIыналъэхэри абы хэту. Тетхахэр зэхэтлъхьэжри, сыхьэт хуэдиз зи кIыхьагъ фильм къыхэкIащ. Абы и лъабжьэр Ахъмэт МуIэед дэсщIа интервьюрщ. КьищынэмыщIауэ, щIэныгъэлIэхэм, археологхэм, Іэщащхэм я Іуэху еплъыкIэхэми фыщылъэлIэнущ фильмым. Теплъэгъуэ щхьэхуэхэм «Кабардинка» ансамблым щыщхэр хэтщ, апхуэдэуи шы фермэм и лэжьакIуэ Егъэн Русалини хэдгъэхьащ. А хъыджэбз Іэмащ1эльэмащIэр икьуэкIэ бэшэчу кьыщIэкIащ. Килограммибл зи хьэльагъ афэ джа-нэр гъэм и уябгъэгъэм махуэ псокIэ щыгъуэ тетхащ.

Фильмым и кIыхьагъкIэ дэ дрокIуэ Ахъмэтым и лIыхъужьхэм я лъагъуэм.

Критикхэм зэрыжаIэмкIэ, тетхар щIэщыгъуэщ, узыгъэпIейтейщ, ущыIэздзэун кудзи хэлъщ. Иужьрейращ абы и фIыпIэу къалъытэри. Ар амазонкэхэм ятеухуауэ ди республикэм щагъэлъэгъуа япэ лэжьыгъэщ.

Ди зэманым Іэрыпуатэм щыщ хъыбархэм щIэнакIэр мащIэкъым, ахэр зымыщIэжхэри нэхъыбэжщ. Сыт-тIэ и пэжыпIэкIэ а зауэлI бзылъхъугъэм я щхьэ кьурикIуар? Нобэрей гъащIэм хэпсэукIэхэм ящыщу хэт жызыIэфынрыр абы япэ итахэм амазонкэ яхэмытауэ. Тхыдэм щэху и мащIэ?! ПщIэну щытыкъым, Сэралъп Самарэ и фильмыр тегъэщIапIэ яхуэхъуу, къэхутакIуэхэм щIэ гуэрхэр кьыдзэIуахьынри Іуэхум хэлъщ.

**ХЬЭЛЫШХ Аннэ.**

# «Ди Иннэ цIыкIу»

**УсакIуэ цIэрыIуэ, КъБАССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Къэзэщ Иннэ Инал и пхъур къызэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъум теухуа зэIущIэ иджыблагъэ Къармэхьэблэ щекIуэкIащ. Жылэм дэт, Къамбий Мухьэб и цIэр зезыхьэ курыт школ №91-м и музейм усакIуэм и фэеплъ пхъэбгъу къыщызэIуахащ.**

КЪАРМЭХЬЭБЛЭДЭСХЭМ, Къэшэж пхъэпкъым, ди егъэджапIэм къабгъэдэкIыу сыхуейт фIыщIэ яхуэсщIыну я Іуэху щхьэпэгъэ екIуэкIыным зи гуащIэ хэзылъхьахэми абы зыкъ ирезыгъэхьэлIахэми.

Къэшэж Иннэ и творчествэр ди литературэм и хэлъхьэныгъэшхуэу къызэралъытэм, езыр цIыху къызэрыгуэкIыу, гуапэу, псэм дахьэу зэрыщытам теухуауэ куэд жаIащ а махуэм. А псалъэ дахэхэм сэри си гукъэкIыжкIэ къагъэуцуагъ.

Къэшэжхэ ящыщ узакIуэм щытепсэлъыхьэхэм, сэ зэи зэхэсхакъым абы «ИннэкIэ» еджау, атIэ «ди Иннэ» е «ди Иннэ цIыкIу» жаIэрт. И сабиигъуэми, балигъ щыхьэуами, нобэ, езыр тхэмыгъжми, и ныбжьыр илъэс 75-рэ щирикъуми, ар ди дежкIэ къэнэжащ «ди Иннэ цIыкIуу»....

Си жагъуэ зэрыхъунщи, сэ Иннэ цIыхуу щытакъым. Ауэ, иджыри сысабийуэ, сригушхуэн щIэздзащ лъэпкъым тщыщ усакIуэ зэчиифIэ дызэриIэм. СощIэж, Къэшэж Юрэ Заурбэч и кIуэр (Иннэрэ абыр зэкъуэшитIым я бынт) си адэ Хьэжысмел и дежкIыгъуэ, Иннэ теухуауэ кьыжриIэ хъыбархэм сфIэхьэлэмэту сызэредэIуар. И хэщIапIэр кьызжиIэнуи селъэIуат. Хуабжьу сыхуейт письмо хуэстхыну, сэ «суцIырхъа» усэхэри хуезгъэхьу кьызэрыщыхьур кьэсщIэну. Ауэ... сытегушхуэжатэкъым. Сэри си усэхэр «уцIырхьыным» фIэкIакъым...

Кьуажэм тхылъ щащэ тыкуэн дэтащ. СфIэфIт абы сыкIуэну. Зэгуэрым Иннэ и «Къебларгъэ» тхылъ цIыкIур къашауэ срихьэлIат. СыгуфIащэри, ахъшэу сызгъым кьыщIэкI къэсщхуат. Нобэми сиIэжщ а тхылъхэм ящыщ зы...

2003 гъэм еджакIуэхэр си гъусэу Къэшэжхэ я лъэпкъым теухуа щIэныгъэхутэ лэжьыгъэ тщIащ. Республикэм япэ увыпIэр кьыщихьауэ си еджакIуэр Москва кIуэну згъэхьэзырырт. Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэ Махъсидэ Анатолэ а IэхуумкIэ зыщыкъэзгъэзэм, кьыжиIащ: «Къэшэж Исмел деж щхьэ умыкIуэрэ? Абы Къэшэж лъэпкъым теухуауэ куэд зэхуихьэсащ, уи лэжьыгъэм кьыщыпхуэщхьэпэн гуэрхэр, шэч хэмылъу, кьыщыбгъуэтынущ».

Дызэблагъэми, Исмел гъунэгъуу сцIыхуртэкъым. ИкъукIэ щхьэпэ кьысхуэхъуащ ар абы щыгъуэ, ауэ кьыжиIэжкъэм ящыщу псом нэхърэ нэхъ сфIэхьэлэмэтэр Иннэ теухуа хъыбархэрт.

Иннэрэ Исмелрэ я адэшхуэхэр зэкъуэшт. ЗэрызэIыхьлым кьыщинэмыщIауэ, а тIум я кум зэныбжьэгъугъэ гуапэ дэлъащ. УсакIуэм кьыхуитха письмохэр зэрихьэрт Исмел. Ахэр хэт машинкэкIэ тедзат, хэти IэкIэ тхат. Яхэтт абыхэм усэбзэкIэ тха письмохэри, ауэ псоми зэщхьу зы Іуэхугъуэ къахэбджыкIырт: Къэшэж пхъэпкъыр, адыгэмэ зыщыуа псори Иннэ фIыуэ зэриIагъур, и хэщIапIэр Москва кьалэрами, и псэр сыт щыгъуи адэжь хэкумкIэ зэрыщыIэр.

Исмел къызжиIэжахэм ящыщ гуэрхэр ноби сощIэж:

«...Иннэ икъукIэ гурыхуэт. Иджыри школым щIэсу дихьэхат тхыдэм, литературэм, философиим. Фыы дыдэу ездзат, школри дыщэ медалкIи кьиуахат. Абы щыгъуэм усэбзэкIэ итха сочиненэр Москва кьалэм апхуэдэ тхыгъэ нэхъыфIэхэр щызэхуэхьэсауэ къыдагъэкIа тхылъым ихуат.

Схуэхуыртэкъым абы и лэжьэкIэр - зы жэщ-махуэм кьриубыдэу сыхьэт пщыкIуийкIэ лэжьэфырт!

Зэгуэрым ди кьуажэгъу Нэгумэ Умар и усэ тхылъ хуэсшат, урысыбзэкIэ зэридзэкIыну. Зэманыр кьызэмэщIэкIыртри, тIэкIу еужьэрэкIыну селъэIуат. Ауэ си гугъакъым зы тхъэмахуэм и кIуэцIкIэ а лэжьыгъэр зэфIигъэкIыну!», - жиIэрт Исмел.

Исмел и лэжьыгъэкIэ ди къэралым и кьалэ куэдым щыщ щыIащ. ИгъащIагъуэу жиIэжырт Иннэ дэни кьызэрыщыцIыхур, фIыуи кьызэраль агъэр. Ар вокзал е хъэщIащ ирехъу, и унэцIар кьызэращIу, гуфIэжу кьыпежьэрти, чэзум хэмыту и Іуэхур хуэзфIагъэкIырт, Иннэ и хьэтыркIэ.

УсакIуэ Іэзэу, цIыху нэхуу дигу кьинащ ди Иннэ цIыкIу...

**ЛЫХЬ (КЪЭШЭЖ) Людмилэ,**
*Къармэхьэблэ дэт, Къамбий Мухьэб и цIэр зезыхьэ курыт школ №91-м и егъэджакIуэ.*

# 2019 гъэм и диспетчер нэхъыфI Къэбардэ Анфисэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым МафIэсым пэщIэт-къеГъэлакIуэ и къулыкъущIапIэм щекIуэкIащ зи Іэщ1агъэм нэхъ хуэIэижьыр къэзыгъэнагъэ зэпеуэ, диспетчерхэм яхуэхьаращ.**

ЗЭРЫТЩIЭЩI, диспетчерым хъьбар кьыIех, етх, Іуэхур зэфIэзыхьну зи къалэнхэр егъакIуэ насыпынщагъэ кьыщыхьуа щIыпIэм. Зэпеуэм кьыщыхуагъэуважэр зэригъэзэщIам кьыпэкIуа баллхэмкIэ бжьыпэр иубыдащ Бахъсэн районым хьихьэ Зеикъуэ кьуажэм и мафIэс часть №15-м и лэжьакIуэ Къэбардэ Анфисэ.

ЕтIуанэ увыпIэр кьихьащ Дзэлыкъуэ районым и Камменномост кьуажэм и мафIэс часть №17-м и диспетчер Гъэунэ Хьаджэт. Кременчуг-Константиновкэ и мафIэс часть 25-м и диспетчер Морозов Юрий ещанэщ.

**БАХЪСЭН Азэмэт.**

# Нэрылъагъущ премьер-лигэмрэ етIуанэ дивизионымрэ я зэщхьэщыкIыныгъэхэр

● Футбол

**Хамэ къэралхэм зыщагъэсэну мылъкукIэ зыхуэзфIэмыкI Урысей Федерацэм футболымкIэ и зэхьэзэхуэхэм хэт командэ зыбжанэм Кисловодск (Нартсанэ) зыщагъэхьэзыр. Абыхэм ящыщу премьер-лигэм щыджэгу Мэхъэчкьалэ и «Анжи»-мрэ етIуанэ дивизионыр зи хэщIапIэ «Спартак-Налшыкымрэ» зэныбжьэгъугъэ зэIущIэ махуэку кIуам зэдграгъэкIэкIащ.**

МЭХЪЭЧКЬАЛЭДЭСХЭМ гъатхэпэм и 1-м зэхьэзэхуэм щIадзэж, дыдейхэм иджыри мазэ нэблагъэ яIэжщ. Абы кьыхэкIыу «Анжи»-р, дауи, мы зэIущIэм нэхъ хуэхьэзыру кьыщIэкIащ. КьищынэмыщIауэ, зыщыдгъэгъупщэнкъым зэпэщIэува командэхэр зыр премьер-лигэм, адрейр етIуанэ дивизионым зэрыхэтыр икIи Іэзагъ и лъэныкъуэкIэ куэд зэрязэкуакур. Ар наIуэ дыдэ кьыттащищIащ абыхэм я зэIущIэм.

«Спартак-Налшыкым» и фащэр ящыгъуэ джэгуплэ губгъуэм кьихьахэт гъуащхьэтет Щоджэныр, гъуащхьэхъуэмэхэу Мэкъуауэр, Тебэрдыр, Ольмезовыр, КIэдыкIуейр, гъуащхьэхъуэмэныкъуэхэу Хьэшырыр, Салахетдиновыр, Машэжьыр, гъуащхьауэхэу Бацэмрэ Гъэнгъэпщымрэ. Абыхэм я гъусэт зыкIэлъыплъыну зыхагъэхьа нэгъуэщI зы щIалэ.

ЗэIущIэм и пащIэдзэ дыдэм «Анжи»-м кьигъэлъэгъуащ хэт сыт и уасэми. Абы и гъуащхьауэхэр, гугъу емыхьыщIу, ди гъуэм нэс кьыкIуэцIрыкIащ икIи ещанэ дакъикъэм бжьгъэр кьызэIуахащ.

«Спартак-Налшыкми» фIырыфIкIэ къызэримыкIуэтынур псынщIэ дыдэу наIуэ ищIащ. КъыхудагъэкIа топым абы и лъэр щIигъэхун дэнэ къэна, ерыщагъ къыхилъхьащ. Дакъикьипщ дэкIуэу арат Гъэнгъэпщ Албэч бжьгъэр зэхуэдэ щищIыжам. Фигу къэдгъэкIыжынщи, тхъэмахуэ илъэкIэ владикавказдэсхэм щадэджэгуами а щIалэщIэр кьыхэжаныкIащ икIи куэдкIэ ущыгугъ хъуну фэ тетщ.

АрщхьакIэ, бжьгъэр зэхуэдэ хъуами, кьаруэхэр зэхуэдэтэкъым - премьер-лигэм хэт командэр етIуанэ дивизионым щыщым, дауи, ефIэкIащ. Загъэпсэхуну имыкI щыкIэ «Анжи»-р япэ ищыжащ. ЕтIуанэ Іыхьэми ар нэхъыфIащ икIи Іуэхур 4:1-м хуигъэкIуащ.

БжьгъэшхуэкIэ кьыхасчэщIа пэтми, ди футболистхэм (посм хуэмыдэу щIалэщIэхэм) дерс хъарзынэ ягъуэтащ. Апхуэдэурэщ, нэхъ лъэщхэм япэщIэтуращ, Іэзагъымрэ бэшэчагъымрэ зэрыпсыхьыр.

Зи гугъу тщIа зэIущIэр щыщыIам и пэ кьит махуэм, мазаем и 20-м, «Спартак-Налшыкыр» Мэхъэчкьалэ и нэгъуэщI командэми даджэгуащ. Ар етIуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым кьадыхэт «Легион-Динамо»-рат. Абы налшыкдэсхэм бжьгъэр кьыщызэIуаха пэтми, зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, лъэныкъуэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Ди щIалэхэм я зыгъэсэныгъэхэм адэкIи Кисловодск щыпащэнущ. Ахэр къазэрехъулIэр кьызэрапщIатэж, зыхагъэхьэну зыкIэлъыплъхэм я зэфIэкIыр здынэсыр щагъэнаIуэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр «Спартак-Налшыкым» иджыри ирагъэкIуэкIыну и мурадщ.

**ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

# Псыущхъуэ

● Адыгэ щIыпIэцIэхэр

**Хы фIыцIэ Іуфэм узыщрихьэлIэ фIэщыгъэр Іыхьищу зэхэлъщ: «Псы - у (ы) - шъ (у) хъо».**

ШАПСЫГЪ диалектыр къэзыгъэсэбэпхэм я нэхъыбэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, «псыущхъуэ» псалъэм кьикIыр «уэыпхрыплIу кьабзэ», «уафэм хуэдэу кьащхьуэ» мыкьэнэхэр аращ.

Бзэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор КIуэкIуэ Джэмалдин зэритхымкIэ, псалъэм и иужьрей пычыгъуэр «щхъуантIэ» егупсысыкIэм хуокIуэ. Псалъэпкъ бжьгъэу зэхуэва жыIэгъуэм и кум ит «уы» префиксым и «фIыгъэкIэ», фIэщыгъэр «ущхъуэнтIын», «кIуэ пэтми нэхъ щхьэнтIэхъун» мыхьэнэхэм хуэпхъхъунущ.

Адыгэ Республикэм щыпсэу щIэныгъэлI Мерэтыкъуэ Къасым щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, кIахэ (адыгей) диалектым хэта «псыущхъуэ» псалъэм «тхъурымбэ зыщI псы» мыхьэнэри къокI.

Шапсыгъ щIынальэм ущрохьэлIэ «Псыущхъуэ» фIэщыгъэм ещхьу нэгъуэщI щIыпIэцIэхэми. Абыхэм ящыщ зыбжанэ:

**- Псыущхъуэ Ин»**. Ар Ашэ псым сэмэгу лъэныкъуэмкIэ кьыщыхолъадэ. И кьежьапIэр Нэужьыкъуэпсщ. Километр 17 и кIыхьагъщ.

**- Псыущхъуэ щхьэдэхьпIэ**. Апхуэдэу зэджэ сэнтхым и джабэщIэхэм кьыщIэж псы кьуэпсэжр Псыущхъуэ Инрэ Псыущхъуэ ЦIыкIурэ холъадэ. Иужьреитым я къежьапIэр зы Іуащхьэ щхьэкIэ, зыдэлъэдэжкэр тIуащIэ зыырыщ - япэр тIуапсы, етIуанэр Ашэ «зыщызыгъафIэхэрщ».

- Джабащхьэм и лъэныкъуэ зэпыIухахэмкIэ щыIэ шапсыгъ къуажэхэми а щIэ дыдэхэр зэрахъэ: «Псыущхъуэ ЦIыкIурэ» «Псыущхъуэ Инрэ» (адыгей-хэм **«ШIоикъу»**, **«Кодзэшъахьыпэ»** жаIэ).

XIX лIэщIыгъуэм и кIэухэхэм пащтыхь правительствэм игъэувыIащ урыс администрацэм и «жьIэ» къемыувалIэу бгым кьафIинауэ щыта адыгэ тIэкIум я зэхэзэхуэныр. Арати, Псыущхъуэ бгыжьым деж щыса пасэрей жьIэжьхэм я гъунэгъуу, абыхэм, шапсыгъ-хьэкIувэхэм, 1895 гъэм зи гугъу тщIы кьуажэ цIыкIуэхэр кьыщагъэунэхужащ.

ТIуапсы районым и бгыпхэ щыпIэхэм щыIэ адрей къуажэхэми хуэдэу, мы жьIэ цIыкIуитIым дэсхэм пхъэщхьэмыщхьэ хадэхэр зэрахъэ. Нэхъыбэу ягъэкIыр мыIэрысэ, кхъужь, дэ цIыкIу кьызыпыкIэхэрщ. Мы щIыпIэм щыпсэухэр бжьэ гъэхъунми щохьэлIэ.

Шапсыгъ кьуажэ цIыкIуитIым я Іэгъуэблагъэр турист кIуапIэщ. Абыхэм я бжьгъэм хэхьуэ зэпытщ, псом хуэмыдэжу гъэмахуэ зэманым. ЩIыпIэм кьакIуэхэр гъунэгъу Іащхьэхэм, псыкъелъэ дахэхэм я Іэшэпъашэм яшэ, шыгъ екIуэкIым и щыгум зыщрагъэпIлъыкъ, мэзылъэ тIуащIэхэм я нэгу зыщрагъэужь.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), Жыласэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Кьардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иээ.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхуащ1апIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; узынщагъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэтчэхэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьгъэхэм, кьыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыдэгъэзаэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэныжьмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.
«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 (12+)

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь Дышэкl Соня, редактору Жыласэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ (1, 2-нэ нап.), Инэрокъуэ Азэмэт (3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэлэныкъуэгъу Нэужьокъуэ Заирэ. Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящIау Дол Маринэ, Бещто Оксанэ, сурэтхэм елэжьар Бицу Жанизщ.
Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.
Индексыр 51531 ● Тираж 2.233 ● Заказ №158

# Европэ зэпеуэм къыщыхожанымкI

**Мазаем и 16-м Санкт-Петербург щекIуэкIащ зи ныбжьыр илъэс 21-рэ иримыкъуахэм дзюдомкIэ Европэм и Кубокыр къэхьыным теухуа я зэхьэзэхуэ. Зэпеуэм и япэ махуэ дыдэм ди бэнакIуэхэм медаль зэмылIэужьыгъуитI зыIэрагъэхьащ.**

● Дзюдо

ШэЧ кьызытумыхьэн текIуэныгъэ и хьэрхуэрэгъуэхэм кьафихьыырэ, зи хьэльагъыр килограмм 66-м нэблагъэхэм я финалым нэсащ нэгъабэ а зэхьэзэхуэм пашэныгъэр кьыщызыхьа Кьуэдз Кьантемыр. КIэух зэIущIэм ди щIалэр кьыщыхигъэщIащ командэм кьыдыхэт Бурмистров Александр. Кьуэдзыр егъасэ Иванов Дмитрий.

А хьэльагъ дыдэм жэз медалыр кьыщихьащ нэгъабэ урысейпсо зэпеуэм щытекIуа Мисиров Исмэхьил.

**КЪЭХУН Бэч.**

# «Динамо»-м и зэхьэзэхуэ

● Бокс

**Налшык дэт Универсальнэ спорт комплексымрэ Шэджэм кьалэ и физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфIакIуэ комплексымрэ щекIуэкIащ «Динамо» зэгухьэныгъэм кьыщэригъэпэща урысейпсо зэхьэзэхуэ зэIуха.**

НЫБЖЬЫЩIЭХЭМРЭ (илъэс 17-18) щIалэгъуалэмрэ (илъэс 19-22-рэ) я зэпэщIэтыныгъэм хэтащ Урысейм и щIыналъэ 12-м кьикIа спортсмени 150-м щIигъу.

Ди щIалэхэм ящыщу ныбжьыщIэхэм я деж щызэуэ гупхэм нэхъ лъэщу кьыщыщIэкIащ Аликберов Аланрэ (кг 49-рэ) КIэрэф Сослъанрэ (кг 64-рэ). ЩIалэгъуалэм я зэпеуэм пашэныгъэр щаубыдащ Хьэбылэ Рустам (кг 49-рэ), Кьардэнгъущ Азэмэт (кг 60), Макитов Хьэсэн (кг 64-рэ), Гижгиев Юсуп (кг 69-рэ), Бабаев Башир (кг 81-рэ) сымэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

# Мэзкуу областым и чемпион

● БэнэкIэ хунт

**БэнэкIэ хуитымкIэ Мэзкуу областым и зэхьэзэхуэ зэIуха зи ныбжьыр илъэс 21-рэ иримыкъуахэм иджыблагъэ ирагъэкIуэкIащ. Абы къызэхуишэат къэралым и спортсмен нэхъыфIхэр.**

КИЛОГРАММ 61-м нэс зи хьэлъагъэм я деж дыщэ медалыр кьыщихьащ Шэрий Алий. Ар и гъэсэнщ бэнэкIэ хуитымкIэ Тэрч кьалэм дэт школым.

Дызэрыхьа илъэсым щызыIэригъэхьа япэ текIуэныгъэкъым мыр Алий и дежкIэ. Тхъэмахуищ ипэкIэ и кьуэш нэхъыщхьэ Иналбэчэ абырэ пашэныгъэр щаубыдащ Совет Союзым и маршал Куликовым и цIэкIэ Орёл кьалэм щызэхэта фэеплъ зэхьэзэхуэм.

**ХЬЭТАУ Ислъэн.**